ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№95-96 (23.504) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэр убзыхунымкIэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэ къызэгъэпэщынымкIэ конкурсым теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм и IуэхукIэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ къиищтам, и пункт 1.3-м ипкъ иткIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэр убзыхунымкIэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэр убзыхунымкIэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъэкIа унафэ №137-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 15-м
№42-РГ

(Унафэм и гуэдзэным 2-нэ нап. фыкъыщеджэ)

● Дыгъуасэ

Бзэмрэ хабзэмрэ адэкIи хъумэн

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм къызэригъэпэща «ЩIэин» Iуэхур республикэм и курыт еджапIэхэм щрагъэкIуэкIащ мазищкIэ. Абы хэта еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ дыгъуасэ КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпIащ.

- КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Парламентым фыщагъэлъэпIэну фыкъыщрагъэблэгъакIэ, лэжьыгъэшхуэ зэфIэвгъэкIауэ, щIэныгъэ фиIэу арыщи, евгъэфIакIуэу, фи ехъулIэныгъэхэмкIэ дывгъэгуфIэу, фи цIэр фIыкIэ иралуэу, фи егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ вгъэгушхуэу фыпсэуну сынывохъуэхъу, - захуигъэзащ абыхэм КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Азычэ Светланэ. - Зи хабзэр, бзэр, фащэр, хьэл-щэныр зыхъумэжа лъэпкъыжьхэм дащыщщи, согугъэ ар зыхэзыщIэн, зыхэзылъхьэн, гъащIэм пхызыхын цIыху къыфхэкIыну. Республикэм, лъэпкъым ди къэкIуэнур зэлъытар фэращи, хэкупсэу фыкъэтэджыным куэд дыдэ иIыгъщ. Арыщи, ЩIалэгъуалэ палатэм кърихьэжьа Iуэху дахэм мыхьэнэшхуэ иIэу, къыпыщэн хуейуэ къызолъытэ. Къыхэзгъэщынут икIи фIыщIэ хэха яхуэсщIынут ди щIэблэм гугъу задезыгъэхь егъэджакIуэхэм.

ЩIалэгъуалэ палатэм хэт Жылэгъащтэ Хьэчим кIэщIу тепсэлъыхьащ зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр зэрырагъэкIуэкIам, ныбжьыщIэхэм зэрыдэлэжьа щIыкIэм.

- Псом япэрауэ, фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт Парламентым и УнафэщIымрэ мы Iуэхур едгъэкIуэкIынымкIэ зыкъытщIэзыгъэкъуахэмрэ. Ди лъэпкъ мащIэр зымыгъэкIуэдыжыр ди бзэмрэ ди хабзэмрэщи, ахэр адэкIи хъумэн хуейщ. А гупсысэм тыдощIыхьри, Iуэхум пытщэну, ди лъэпкъым къыхэжаныкIа, дызэрыпагэ цIыхухэр щапхъэу яхуэдгъэлъагъуэурэ, щIэблэр адыгэ хабзэм щIэтпIыкIыну, ахэр хэкупсэу дгъэсэну дыхуейщ, - жиIащ абы.

Хьэчим зэрыжиIамкIэ, «ЩIэин» Iуэхум школи 3 хэтащ мызэм: Налшык къалэм и 26-нэ, Шэджэм къалэм и 1-нэ, Арщыдан къуажэм и 3-нэ курыт еджапIэхэр. Мазищым къриубыдэу абыхэм щIэныгъэрылажьэхэр, «Адыгэбзэ Хасэм» хэтхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр яхуеблагъэурэ хабзэм, бзэм, щэным, тхыдэм тепсэлъыхьащ. ЦIыхуи 100-м щIигъу зыхэта Iуэхум къыхэжаныкIа ныбжьыщIэ 30-м щытхъу тхылъхэр иратыжащ, абыхэм къадэлэжьа егъэджакIуэхэмрэ школ унафэщIхэмрэ фIыщIэ тхылъкIэ ягъэлъэпIащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ЗэIущIэхэр

Нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм топсэлъыхь

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий вэсэмахуэ иригъэкIуэкIащ Социальнэ лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зэхуэгъэхъунымкIэ лъэныкъуищ къызэщIэзыубыдэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Хьэжу Владимир, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэ, КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, республикэ комиссэм хэтхэр.

ЗЭIУЩIЭМ къыщащтащ КъБР-м и Правительствэр, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэр, «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ IуэхущIапIэр 2017 - 2019 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнумрэ а пIалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ мащIэ дыдэу щагъэув улахуэм теухуа щIыналъэ зэгурыIуэныгъэмрэ къыщыгъэлъэгъуа проектхэр.

- Илъэсищ пIалъэ иIэу лэжьыгъэ IуэхукIэ зэтщIылIэ зэгурыIуэныгъэр нэхъыбэу зытеухуар цIыхухэм я псэукIэр нэхъ тынш ящыщIынырщ, IэнатIэншэхэр гъэмэщIэнымрэ улахуэм хэгъэхъуэнымрэщ, лэжьакIуэхэм къащхьэщыжынырщ, экономикэм зегъэужьынырщ, Iэмал зэриIэкIэ, - жиIащ **Тюбеев Альберт**. - 2017 - 2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ мащIэ дыдэу щатыну улахуэр гъэ къэс яубзыхунущ, блэкIа илъэсым и еплIанэ мазищым цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэм тещIыхьауэ. Абы ипкъ иткIэ, 2017 гъэм Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр зэфIэзыгъэкI IэнатIэхэм (материальнэ сферэм) Iутхэм нэхъ мащIэ дыдэу къахьыну улахуэр сом мини 10-рэ 593-рэ хъунущ. ЗэрыфщIэщи, бюджет IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм я улахуэр нэхъ мащIэ дыдэу мы зэманым сом мини 7-рэ 500-рэ мэхъу, 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ ар сом мини 7-рэ 800-м нэс хэхъуэнущ.

Амщокъуэ ФатIимэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм хэгъэхъуэныр къалэн пажэу зэрыщытыр.

- 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэр хуитщ езыхэм ягъэувыну нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр зыхуэдизын хуейр. - Къэбгъэлъагъуэмэ, 2017 гъэм накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу Дагъыстэн Республикэм и бюджет, мыбюджет IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм нэхъ мащIэ дыдэу хуагъэбелджыла улахуэр цIыхур псэун щхьэкIэ зыхуеинум и процент 82-рэ хъууэ аращ, Ингуш Республикэм - процент 80,9-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ - процент 80,7-рэ, Шэшэн Республикэм - процент 96,7-рэ (мыбюджет IуэхущIапIэ Iутхэм), бюджет IуэхущIапIэм щылажьэхэм - процент 78,2-рэ, Ставрополь щIыналъэм лэжьакIуэ псоми зэхуэдэу щыхуагъэуващ сом мини 8-рэ 828-рэ (цIыхур ирипсэун щхьэкIэ зыхуеину ахъшэм и проценти 105-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым нэхъ мащIэ дыдэу къыщахь улахуэр цIыхур ирипсэун щхьэкIэ зыхуеину ахъшэм и процент 67,6-рэ хъууэ аращ. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ, ди республикэм цIыхур ирипсэун щхьэкIэ зыхуеину ахъшэу щыубзыхуар Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ейм елъытауэ зэрынэхъ лъагэр. КъБР-м и Правительствэм къызэрищтамкIэ, цIыхур ирипсэуну зыхуей ахъшэр зэрыхъур сом мини 10-рэ 593-рэщ. Мы IуэхумкIэ къэпщытэныгъэ езыгъэкIуэкIахэм а бжыгъэм тращIыхьауэ щытамэ, процентыр 70,8-м нэсын хуеящ. УФ-м и Президент Путин Владимир 2008 гъэм япэу къыхилъхьауэ щытащ нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр цIыхур ирипсэуну зыхуейм хуэдизу убзыхупхъэу. АрщхьэкIэ къэралым и экономикэр гугъуехьхэм Iууэри, 2013 гъэ пщIондэ Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну Iэмал щыIакъым. ИтIани, лэжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхъуэныр сыт щыгъуи зэлэжьщ. Къапщтэмэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым социальнэ Iуэхухэм хухихауэ иригъэкIуэкIа зэхыхьэм къыщыхалъхьащ 2020 гъэ пщIондэ улахуэ нэхъ мащIэ дыдэр цIыхур псэун папщIэ зыхуейм хуэдиз щIыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къэрал унафэщIхэм зэрыхуагъэувыр. Къэрал хабзэкIи щIэгъэбыдащ улахуэр цIыхур псэун папщIэ зыхуейм нэхърэ нэхъ мащIэу щытынкIэ Iэмал зэримыIэр. АрщхьэкIэ, ар къыщыгъэлъэгъуакъым лэжьыгъэ кодексми, езы хабзэми щыгъэбелджылакъым улахуэм зэрыхагъэхъуэну щIыкIэр, - жиIащ Амщокъуэ ФатIимэ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал лэжьакIуэхэр я илъэс бжыгъэкIэ пенсэм щыкIуэкIэ зэ етыгъуэу хуагъэув зэрагъэгушхуэ ахъшэм теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа унафэм и проектыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зи узыншагъэм сэкъат иIэу щыпсэухэр квотэкIэ IэнатIэ зэрагъэувым тепсэлъыхьащ КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрыр. «2017 гъэм накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрабжамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу лэжьэфыну ныбжьым ит никъуэдыкъуэ мин 25-рэ 373-рэ. Абы ящыщу мы зэманым лажьэр цIыху мини 5-рэ 549-рщ. ЗэрытетщIыхьымкIэ, а бжыгъэр мы гъэм мини 6-рэ 728-м нэдгъэсыфынущ. Къытпэщылъ къалэнхэр тыншкъым, ауэ Iуэхур зэрыдгъэкIуэтэным дыхущIэкъунущ», - жиIащ Тюбеев Альберт.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

НОБЭ

- ♦**ЯфIэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ**
- ♦**УФ-м щагъэлъапIэ Филологым и махуэр**
- ♦**Африкэм и махуэщ**. Африкэ зэкъуэтыныгъэм и зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща махуэщ (1963 гъэм).
- ♦**Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1946 гъэм къэралыр къыщIэкIащ Инджылызым и унафэм.
- ♦**НэгъуэщIхэм я унафэм щIэт щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
- ♦**Инджылызым щагъэлъапIэ гъатхэм и махуэр**
- ♦**США-м щыщ зауэлIхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
- ♦**Украинэм и къалащхьэ Киев и махуэщ**
- ♦**1705 гъэм** Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ Москва и уэрамхэр мывэкIэ къиищIыкIыным теухуауэ.
- ♦**1987 гъэм** «Сыбыр» мылкъутэ атом кхъухьыр Полюс Ищхъэрэм нэсащ.
- ♦Югославием и унафэщIу илъэс 35-кIэ щыта **Иосип Броз Титэ** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
- ♦Адыгэхэм я тхыдэр зыджа осетин щIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гарданов Батрэз** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.
- ♦ЮстицэмкIэ къэрал чэнджэщэгъу, жылагъуэ лэжьакIуэ **Ансокъуэ Мухьэрбий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
- ♦Совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Гречкэ Георгий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.
- ♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ **Тут Михаил** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
- ♦ТхакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.
- ♦Молдавием и президенту щыта **Воронин Владимир** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
- ♦Урысей актёр цIэрыIуэ **Даль Олег** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
- ♦Актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Калягин Александр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
- ♦Парт, къэрал лэжьакIуэ, республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу щыта, КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Бозий Натбий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
- ♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм транспортымкIэ и академием и действительнэ член **ЗекIуэрей Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
- ♦Урысей уэрэджыIакIуэ, актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Орбакайте Кристинэ** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЖьантIэм ущIэмыкъу - пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.

Лашынкъей илъэс 600 зэрырикъур ягъэлъэпIэнущ

Налшык къалэм и шыгъэжапIэм накъыгъэм и 26-м сыхьэт 11-м щыщIидзэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэджэм районым щыщ Лашынкъей къуажэр илъэс 600 зэрырикъур щагъэлъэпIэну гуфIэгъуэр. Абы теухуа япэ шыгъажэм щытекIуэхэм иратыну сом мин 250-рэ хахащ.

МЫ КЪУАЖЭМ щалъхуа, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей Назир и цIэкIэ къызэрагъэпэщ етIуанэ шыгъажэми, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Хьэгъэжей Джонсон и цIэкIэ ещанэу зэпеуэнухэми ящыщу текIуэхэм ахъшэу апхуэдиз дыдэ зэхуагуэшынущ. КъыкIэлъыкIуэ зэпеуэхэр къызэрагъэпэщ генерал-майор Тхьэзэплъыж Юрий, Лашынкъей къуажэм дэсхэм, къуажэм и Iэтащхьэ Хьэгъэжей Хьэсэн я цIэкIэ. Дэтхэнэ къызэдэжэгъуэми щытекIуэхэм иратын папщIэ сом мини 100 ягъэтIылъ.

Псори зэхэту шыгъажэм щытекIуэхэм иратын папщIэ сом мелуанрэ мин 50-рэ къызэрагъэпэщащи, а ахъшэр езы къуажэм дэсхэмрэ абы къыщалъхуахэмрэ зэхалъхьащ.

КIЭБЫШЭ Идар.

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мэрем кIуам гуфIэгъуэ зэхыхьэ ин щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ КъБКъУ-м и Школ академие цIыкIум (МША) и япэ гъэсэнхэм а еджапIэр къызэраухам. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и пресс-IэнатIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Iуэхум иращIэкIа гуфIэгъуэшхуэм кърикъубыдэу ныбжьыщIэхэм иратыжащ МША-р къызэраухам щыхьэт техъуэ сертификатхэр, университетым къыбгъэдэкI саугъэт лъапIэхэр и гъусэу.

● КъБКъУ

Гъуэгу махуэ, ныбжьыщIэхэ!

УНИВЕРСИТЕТЫМ и егъэджакIуэхэр ныбжьыщIэхэм унэтIыныгъи 10-кIэ ядэлэжьащ блэкIа гъэ еджэгъуэм къриубыдэу: физикэмрэ математикэмкIэ; информатикэмкIэ, электроникэмрэ компьютер технологиехэмкIэ; архитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ; тхыдэмкIэ, филологиемрэ СМИ-кIэ; педагогикэмрэ психологиемкIэ; социальнэ лэжьыгъэмкIэ, сервисымрэ туризмэмкIэ; правэмкIэ, экономикэмрэ финансхэмкIэ; химиемрэ биологиемкIэ; медицинэмкIэ (еджапIэ нэхъыщхьэм къигъэув мардэхэр и лъабжьэу); медицинэмкIэ (медицинэ колледжым къигъэув мардэхэр и лъабжьэу).

Я гъэсэнхэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуну къекIуэлIахэм ящыщщ КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Iуэхухэмкlэ и проректор Къумыкъу Iэуес, МША-м и унафэщI Насып Артур, ИПЭиФ-м и пашэ ГъукIэпщокъуэ Мурат, пединститутым и унафэщI Михайленкэ Ольгэ, ИИФиСМИ-м и унафэщI Тэмазэ Муслъим, ИСРСиТ-м и пашэ Дэджырэ Хьэчим, МША-м и егъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэмрэ. ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIузыха Къумыкъу Iэуес ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуа нэужь, къыхигъэщащ «Школ академие цIыкIу» зыфIаща проектыр гъащIэм ехъулIэныгъэкIэ зэрыхэзэгъар икIи абы дяпэкIи зэрыпащэнур.

- МША-р къэзыухахэм я нэхъыбапIэм я щIэныгъэм адэкIи ди университетым щыхагъэхъуэну дащогугъ, - жиIащ проректорым.- Дэ дахуейщ фэ фхуэдэ ныбжьыщIэ акъылыфIэхэм, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэм.

И гъэсэнхэм защыхуигъазэм Насып Артур жиIащ:

- ГъащIэм хэлъ Iуэхугъуищым гулъытэ яхуэфщI: япэрауэ, щIэныгъэр фи щхьэкIэ къэвугъуей, етIуанэрауэ, еджэныр - ар зэпыу зимыIэ Iуэхугъуэщ, ещанэрауэ, ныбжьэгъугъэр фхъумэ. Гъуэгу махуэ, ныбжьыщIэхэ! МазитI дэкIмэ, ди деж къэвгъэзэж.

НыбжьыщIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ университетым и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэми егъэджакIуэхэми. ЕджапIэ нэхъыщхьэм абитуриентхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ IэнатIэм и пашэ Къэрашэ Аксанэ Алътуд Юрий фIыщIэ хуищIащ МША-р къызэгъэпэщын жэрдэмыр къазэрыдиIыгъам папщIэ.

ЗэIущIэм КъБКъУ-м къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр щратащ МША-м и къудамэхэм я унафэщIхэу Бэрэгъун Лалюсэ, Бозий Наимэ, Байсиевэ Лейлэ, Къэнэмэт Анзор, Жаникаевэ Залинэ, Вындыжь Альбинэ, Мэрзей Жаннэ, Хьэмгъуокъу Мадинэ, Къардэн Марьянэ, Аттаевэ Вероникэ сымэ.

ГуфIэгъуэр ягъэдэхащ университетым и творческэ гупхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

✪ Ди къуэш республикэхэм

Зыгъэпсэхупlэ цlэрыIуэ «Архъыз»

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Гъэм и кIыхьагъкIэ лажьэ «Архъыз» зыплъыхьыпIэ-зыгъэпсэхупIэр гъэмахуэми цIыхухэр нэхъ дэзыхьэх курортищым яз хъуащ. Ар къегъэлъагъуэ «ТурСтат» агентствэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм.***

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, Сочэ и «Роза Хутор» зыгъэпсэхупIэм кIэлъыкIуэу етIуанэ увыпIэр зыубыда «Архъыз» и закъуэщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и курортхэм ящыщу а 3-м хиубыдар. Алтай крайм щыIэ, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ къалэ-курорт «Белокуриха»-р ещанэщ.

Япэ мывэр ягъэтIылъ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и щыхьэр Мейкъуапэ щауххуэну Диагностикэ центрым и лъабжьэ ягъэтIылъым мывэрэ капсулэрэ хилъхьащ АР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIумпIыл Мурат.***

КАПСУЛЭР къыхахыжынущ илъэси 100 дэкIмэ. Абы илъ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ а IуэхущIапIэм иIэ мыхьэнэр, Адыгейм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьыныкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур. Мы тхыгъэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, зыхуэгъэзар а зэманым псэуну щIэблэрщ. Абы Iэ щIадзащ АР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIумпIыл Мурат, щIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустемрэ республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Чэужь Нателлэрэ.

Сом мелуан 547-м нэблагъэ зытекIуэдэну диагностикэ центрыр 2018 гъэм и кIэм ирихьэлIэу ятыну я мурадщ.

ЗэгурыIуэныгъэм Iэ щIадз

АБХЪАЗ. ***Абхъазымрэ Урысеймрэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ я министерствэхэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ Сыхъум къыщызэрагъэпэщынущ хъыбарегъащIэ-лэжьыгъэр зэзыгъэуIу центр. Абы и хэщIапIэу щытыну унэщIэр илъэс ныкъуэм къриубыдэу республикэм щаухуэнущ.***

АБХЪАЗЫМ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Кобахие Аслъэн зэрыжиIамкIэ, центрым щагъэхьэзырынущ икIи щылэжьэнущ криминалист, хъыбарегъащIэ-аналитикэ, къэлъыхъуэныгъэ IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм накъыгъэм и 15-м къыдигъэкІа унафэ №42-РГ-мкІэ къыщыдат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэр убзыхунымкІэ конкурс комиссэм

ХЭТХЭР

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіыр *(конкурс комиссэм и унафэщІы)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іэхъуэхэмкіэ и министрыр *(конкурс комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Алътуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іэхъущапіэм и ректорыр *(эзгурыІуаУэ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зегухьэныгъэ» союзым и унафэщіыр *(эзгурыІуаУэ)*

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іэхъуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэр *(конкурс комиссэм и секретарщ)*

Гъудэ А. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщіыр

Емуз А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кулыкъымрэ кадрхэмрэ я Іэхъуэхэмкіэ и управленэм и унафэщіыр

Кіуращын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іэхъущапіэхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъ Іэхъуэхэмкіэ и управленэм и унафэщіыр

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіым и къуэдзэр

Муртазов Б. С. - Щэрэдж муниципальнэ районым и щіыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаУэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Федченкэ Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщіым и къуэдзэр *(эзгурыІуаУэ)*

Шагин С. И. - Май муниципальнэ районым и щіыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаУэ)*

Эфендиев Ф. С. - «Кавказ Ищхьэрэм Гъуэздзкэхэмкіэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іэхъущапіэм и проректорыр *(эзгурыІуаУэ)*

Кавказ-Бгырыс эскадроным хэт гуп. Адыгэ щіалэр япэ итырщ *(сэмэгумкІэ шым тесщ)*. *Сурэтыр* **Крюгер Франц** *ищІащ. 1853 гъэ*

● Аруан щІыналъэ

И чэзум зэфІокІ

Аруан щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхасэр гектар мини 15-м нэблагъэм щызэфІахащ. Нартыхум и закъэу гектар мин 11,5-м нос.

АПХУЭДЭУ балэрыгъэкъым джэшхэкІымрэ хадзэхэкІымкІи.

Мэкъумэшыщіэхэр къызыхуэтыншэу мы гъэм къызэгъэпэщат жылапхъэфІхэмкІэ. Абыхэм яхэтщ ди щІыналъэми нэгъуэщІ къэралыгъуэхэми къыщагъэкІа гибрид жылэхэр.

Мы гъэм щІыналъэм и гъавэщІапІэхэм къыщагъэсэбэпыну щІыгъэпшэрхэр тонн мини 2,5-рэ, дагъэгъэсыныпхъэр - тонн 340-рэ мэхъу. Абы псори зэхэту текІуэдэнщ сом мелуан 12. Мэкъумэшыщіэхэм трактор 370-рэ, жылаСэ машинэу 55-рэ, къитхъ 72-рэ яІэщ.

СХПК-м иджыпсту и гуащІэгъуэу зыхуэІ щыхуагъаз псы зэрыщІагъэлъадэ кІэнауэзэмрэ псы зэхуэхьэсыпІэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ГуфІэгъуэ зэхьхьэхэр

Пионер накъырэ макъым ноби ди псэр допІейтей

Накъыгъэ мазэр къулейщ къэралгъо мыхьэнэ зиІэ махуэшхуэхэмкІэ. Мамырыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр тІэтэ къудейуэ, къэсащкІи дгъэлъэпІащ ТекІуэныгъэ Иным и махуэр. Махуипщ нэхъ дэмыкІыу ди къэралым и щІыналъэ къудым щаІэтащ къыжкІэлъыкІуэ Іухуигъуэр. Пионерхэм я зэгухьэныгъэр къызэрыцунэхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъуар. Абы теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр къыщыззрагъэпэщат Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм.

НАКЪЫГЪЭМ и 19-м Іэхъущапіэм щагъэлъапІэр Пионерхэм я зэгухьэныгъэм и махуэм и закъуэтэкъым. Абы щаІэтырт къызэрызэІуахрэ илъэс 32-рэ ирикъу уардэунэм и махуэшхуэри. А Іэхъугъуэ дахэхэм хэущІауэ екІуу гъэщІэрэщІат унэшхуэм и гупэм къит утыкушхуэри: абы щыхуарзэт ныП зэмыкфэгъуэхэр, пщІантІэ хуитым щыкІуэдт удз гъэгъаХэри шар гъэпщІащхэри. Дэнэкіи къыщыІурт гумрэ псэмрэ зэщІэзэІэтэ сабий уэрэдхэр, пионер макъамэхэр. Пионер накъырэм и макъым куэдым я псэр ноби допІейтей. Гуфіэгъуэ тІуащІэм къыгъэблагъэ хьэщІэ пІэлъэкІэ куэд хъыгт. Іэхъущапіэм и лэжьакІуэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ къахуэкІуахэм яхэтт КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ – КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхъуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, нэхъапэм ВЛКСМ-м и обкомым щІалэгъуалэмрэ пионерхэмрэ ядэлэжьнымкІэ и секретару илъэс куэдкІэ лэжьа Джэш ФатІимэ, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пашэ Пащты Борис, КЪР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхъуэхэмкіэ и министерствэм и Іэщіагъэлізкр, егъэджэныгъэм и ветеранэхр, къалэм дэт курыт школхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Гуфіэгъуэ зэхуэсыр къызэІуихащ Емуз Нинэ. Ар Пионерхэм я зэгухьэныгъэм и юбилейм кІи Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм и махуэшхуэм кІи гуапэу екъуэхуэщ къыззхуэса псоми.

- СССР-м 1980 гъэм ипэкІэ къыщащІахуэ дэтхэнэ сабийри гу къуэпскІэ пыщІауэ щытащ Пионерхэм я зэгухьэныгъэм, - къыхигъэщащ Емузым. - Сэри сыщытащ пионеру, а зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм нэхъ жыдэжру хэтахэми сащыщащ. Нобэ сахоплъэ абы щыгъуэ сызыдэлэжьауэ щытахэми, къысщохъу иджыри къэс пионеру дыкъэнэжауэ, а Іэхъугъуэм ди гъащІэм дахуэдиз мыхьэнэзщхуэ щичІыбыу щытащи.

Адэкіэ Емузыр тепсэлъыхьащ къэралым «Юнармия» ныбжьыщІэ зэгухьэныгъэ къызэрыщызэрагъэпэщам. Ар зэрылэжьэну мардэхэм я нэхъыбэр пионер зэгухьэныгъэм лъабжьэу иІэм зэрытехуэри къыхигъэщащ.

Уардэунэм и лэжьакІуэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ гуапэу екъуэхъуащ Джэш ФатІимэ, Пащты Борис сыми. Ахэр къытеувыІащ ди республикэм щІэблэ узынщэ, зэчиифІэ къихьуэныкІэ, ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэныкІэ, лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ заужьныкІэ Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм мыхьэнэзщхуэ зэриІэм. Къыхэдгъэщынщи, уардэунэм екІуалІэ сабийхэм я бжыгъэр 5000-м щІегъу. Ахэр Налшык, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я курыт школхэм, сабий гъэсапІэхэм кьоХ.

Іэхъущапіэм гъэ къэси ныбжьыщІэ нэхъыбэ макІуэ, зеужь. Егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лажьыгъэр удихьэкыу, гъэщІэгъуэну къызэрагъэпэщ. Кьищынэмыщіауэ, илъэсым и кІуэцІкІэ зэхьхьэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІ.

Махуэшхуэм кърихьэлІа хьэщІэхэм папщІэ къызэрагъэпэща концертым щІидзащ адэкІэ. «Зэныбжьэгъугъэм и къафэр» пщІантІэм щагъэззэщІащ. ІэхъущапіэмикъэфакІуэхэмрэуэрэджьыкІуэхэмрэ утыкушхуэм щагъэзащІэ дэтхэнэ къафэри уэрэдри гукъинэжт. Абы хэтащ «Кавказ пшэплъхэр», «Асса», «Глория», «Пшынахуэхэм я ансамбль» творческэ гупхэр. Концерт нэужьым хьэщІэхэр ирагъэблагъащ уардэунэм икІи абы и щІыхьэпІэм къыщІэзрагъэпэща махуэшхуэ Іэпльэгъуэныгъэм ирагъэплъащ.

Махуэшхуэ дауэдапщэм и кІэуэху уардэунэм и пщІантІэм щыізэщІахьащ пионерхэм я мафІэр – дунейм и щІы Іыхьитхум щыпсэу сабийхэм яку дэпь зэныбжьэгъугъэ быдэм и нэщэнэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэпкъ балетым хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Бекъалды Ахьмэд

● Фэеплъ

Музыкэ театрым и артист пашэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ лъэпкъ балетым щыгъэзыр пщІэрэ, ІэпІэуу илъэс 20-м щІигъукІэ хэта, гъуэзджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, зи къэфэкІэм Іэгуауэ ин иращІэкІыу щыта Бекъалды Ахьмэд. И Іыхьлыхэм, и лэжьагъуэхэм, и ныбжьэгъуэхэм, къэзыщІыхуу щытахэм эщыгъупщэкъым зи ныбжьыр илъэс 73-м иту нэгъабэ накъыгъэм и 24-м дунейм ехыжа къэфакІуэ гъуэзэджэр.

КЪУЩІАЛЪХУА Псыгуэнсу (Жанхъуэтхьблэ) къуажэм, зи лъэпкъым хуэпэжу, зи лъахэм и пщІэр зыІэту псэуа Бекъалды Ахьмэд курыт еджапІэм щыщІэсыну и пщІыхьэпІи къыхэхуэрэ гъэсакъым и гъащІэ гъуэгуанэр къэфакІуэ Іэщіагъэм триухуэну. Ауэ, зэрыжаІэщи, натІэм къритхам уфІэкІырыкъым.

Ахьмэд Псыгуэнсу къуажэм и курыт еджапІэ №1-м и 8-нэ классым щыщІэсыми, Москва къикІри комиссэ къахуэкІуауэ къафэм, балетым хурагъэджэнухэр къыхахыну. А зэманым КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрыр Уэрсей Фаинэт. ЗаикІи удимыхьэхми, абы Іуэхум ухишэнут, утригъэгушхуэт. Лъэпкъ балетыр къызэзыгъэпэщ Проценко Александр Фаинэ зыхуигъаззэри епсэлъащ. Уэрсейм и ужькІэ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министру илъэс куэдкІэ лэжьа, щІыналъэм и щэнхабзэр езыгъэфІэкІуа, ар къэзыІэта Ефэнды Джылахъстэн и деж псалъэу Іуэхур зыІутыр щыкрилэм, унафэ ящІат балетым хурагъэджэну щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къуажэ-къуажэкІэ кІуэурэ къыхахыну. Балет къафэ лІэужьыгъуэр зищІысыр иджыри зымыщІэ еджакІуэхэр щхьэхуэу къыдашурэ я Іэхэм, я пщэхэм, я лъакъуэхэм еплъащ. Ахьмэд къатырт лъыгъри, хъыджэбз щыкІуэхэм къальагъуэ лъэкъуэешэкІыр фІихьи фІэемыкІу хъури, вакъэр лъихакъым. ИтІанэ къэпщытакІуэ гупыр щежьэжьым, «нобэ дызэмыплъахэм укІыта, щІегъуэжа къыфхэтмэ, Налшык Къэбэрдей уэрамым тет «Кавказ» ресторанымрэ пщІантІэм удыхьэмэ, къафэмрэ уэрэдыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым и хэщІапІэм фынакІуэ», - щыжаІэм, Ахьмэд и анэри и акъылагъути, етІуанэ махуэм кІуащ. Апхуэдэу къуажэхэм я курыт еджапІэхэм къафэм хурагъэджэну къыщыхахахэр «Кавказ» щхапІэм и хэщІапІэм щызэхуащІэсащ. Псори зэхэту сабиищэм зэрыІэнэхьэсат. И насып къикІри, Ахьмэди абыхэм ящыщ хъуати, дуней гуфІэгъуэм иІэт. Абдежьми щыщІэдзауэ къафэм хуагъэсэн щІадзащ.

- Сэри махуэ зытІукІэ сыкъыкІэрыхуауэ сокІуэ Налшык, - жеІэ Ахьмэд и ныбжьэгъу, КЪР-м щІыхь зиІэ и артист Къардэн Борис. - Шокъу жиІэу сыхуозэ ди къуажэм щыщ артист Цымэ Маркс. Абы зы уэнэ гуэрым сыщІешэ, къызегъэпльри сыкъышІэ. КъэкІуэлІахэр къъуанэм фІыуэ дыщІагъэкІщ, 30-м нэс къыхахри адрейхэр пагъэхуащ. Арати, 1961 гъэм едэжн щыщІэдзащ Культпросветучилищэм, «Победа» киногъэпэлъэпІапІэм къыбгуры ит унэ кІыхьым.

60 гъэхэм я пэщІэдзэм артист Іэщіагъэм хуеджэну Налшык еджакІуэ къэкІуа зэныбжьэгъуитІым я мащІэри я куэдри зэдагъэшу къызэдэгъуэгурыкІуащ. Іуэхум хуэзыгъасэхэр, хэщІапІыхьу къыхахыу зэхуащэсами ярейуэ, псори Іэзэ защІэт. Адыгэ къафэмкІэ я балетмейстерыр Къашыргъэ Билалт, классикэ къафэм хуэзыгъасэр. Проценкэ Александрт, пшынаэуэр Пщыхьэщіэ Мухьэжырт, пианинэ еуэр Богомолов Юрийт. Лъэпкъ балетым макъамэхэр хуэзытхар Москва щыщ композитор Іэзэ Коган Левщ.

Бекъалды Ахьмэдрэ Къардэн Борисрэ къэфакІуэ Іэщіагъэм хуеджащ нэхъуеинэщу, езэш жыхуаІэр ямыщІэу, зы махуэм нэхърэ къыкІэлъыкІуэм я Іэхъуэ-къуэ-ешэкІыр фІихьи фІэемыкІу хъури, вакъэр лъихакъым. ИтІанэ къэпщытакІуэ гупыр щежьэжьым, «нобэ дызэмыплъахэм укІыта, щІегъуэжа къыфхэтмэ, Налшык Къэбэрдей уэрамым тет «Кавказ» ресторанымрэ пщІантІэм удыхьэмэ, къафэмрэ уэрэдыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым и хэщІапІэм фынакІуэ», - щыжаІэм, Ахьмэд и анэри и акъылагъути, етІуанэ махуэм кІуащ. Апхуэдэу къуажэхэм я курыт еджапІэхэм къафэм хурагъэджэну къыщыхахахэр «Кавказ» щхапІэм и хэщІапІэм щызэхуащІэсащ. Псори зэхэту сабиищэм зэрыІэнэхьэсат. И насып къикІри, Ахьмэди абыхэм ящыщ хъуати, дуней гуфІэгъуэм иІэт. Абдежьми щыщІэдзауэ къафэм хуагъэсэн щІадзащ.

Ахэр щыІащ Ереван, Тамбов, Борошиловград, Смоленск, Армавир къалэхэм, гъунэгъу республикэхэм, нэгъуэщІ щыпІэ Іэджэми. 60 - 70 гъэхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ зэпыщІэныгъэ зэхуэдэт ди къэралым и щІыналъэхэм. Абы и фІыгъэкІэ ди артистхэр гупышхуэурэ, автобус зыбгъупщІ хъуурэ, илъэс къэс гъэсугъанэ техьэрт. Дауи, ди щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ дрэжэгъуэ ин ямыгъэту къанэртэкъым, а здэкІуэхэм гунэс зэращыхьур щалъагъуКІэ, Іуэгуэшхуэ щыхуаІэткІэ. Къыщыхъу щыІэт сценэм щыджэгун хуейуэ кърата зэманым щыщІрагъэгъу. Апхуэдэу Тамбов щыІэу, хуабжьу гурыхь ящыхъуат балетым хэтхэм я джэгуакІэри, сыхьэтитІым и пІэкІэ сыхьэтиплІкІэ зыкъагъэлъэгъуауэ щытащ, утыкум ирамыгъэкІыжу ...

Илъэс куэдкІэ утыкум зыгъэбжьыфІахэм Іцыхум гуфІэгъуэу, дрэжэгъуэу къыхуахьар къыззэрупщыфын пщалъэ гуэри щыІэу фІэщщІыгъуейщ. Куэжэ унагъуэ къызэрыгуэкІ щалІа Бекъалды Ахьмэд сыт хуэдиз щытхъу хужамыІами, зэи зыкъыфІэщщІыжакъым, и адэ-анэхэу Мухьэдинрэ Хужьрэ къыхалъхьа хабзэм, Іцыхугъэм, адыгагъэм зымащІэкІи ебэкъуакъым, щІэужкІытэжьи Іэхуи зэи илэжьакъым.

Я гуфІэгъэри нэщхьеяГъуэри зэдагъэшу, зым и екъуІэныгъэм адрейр щыгуфІыкІыу къэгъэугурыкІуащ балетым хэта къэфакІуэхэр. Ахьмэд. Музтеатрым щыщІа илъэсхэм сценэм къыщыхьуа Іэху дыхьэшхэнхэр и лэжьагъуэхэм ягу къинэжащ. Къапщтэмэ, зы пщыхьэщхьэ гуэрым ШэрыІужьым абы и пщэ ирилъхьат «ШэмхъуН и фызышэм» милицэм и ролыр щигъэззэщІэну. И къалэныр сондэджэр щІэпхъуэжар къиубыдын хуейуэ арат, «Уи хьэгъуэлІыгъуэр къэбгъэнауэ, щІалэ, дэнэ уздэжэр?» - жиІэу. А и псалъэхэм зыгуэрым къыпидзыжьын хуейт «Ефэндыс къилъыхъуэну макІуэ» жиІэу. Адэкіэ абы пищэнут мыпхуэдэу: «Ефэндыхэр ефэри гъуэльъжауэ МэчэфакІуэхэр іопщІыхьы». «Мэчэ Мадинэр пщыгъупщэжынщ, ар къыуымпсэльмэ хъунщ», - къыжриат Толэ, ауэ Ахьмэд абы акъылэгъу дэхъуакъым, зэрыщІыкІырэ а псалъэхэр зэхихьу жиІэри. Ар къыщыпсэлъын хуейм носри, мыпхуэдэу жеІэ: «Ефэндыхэр ефэри гъуэльъжауэ Машэрэ Мадинэрэ іопщІыхьы». Апхуэдэу щыІэри спектаклым къыкІуахэр игъэдыхьэшхуэ щытащ.

Телевиденэм и дэфтэрхэм щахъуэмэ Бекъалды Ахьмэди, Къардэн Бориси, адрей артист пажэхэри зыхэт балет зыбжанэ. Абыхэм я къэфакІэм малъэхьадисым хуэдэу ущІащІауэ, ахэр сценэм зэрыщыхуарзэмрэ я Іэзагъымрэ умыгъэщІегъуэнкІэ Іэмал иІэкъым.

- Ахьмэд фІыуэ къэзымыщІагъуэрэ къэзымыщІыхурэ республикэм истэкъым. Балетым нэмыщІ, гъуэзджэм и унэтІыныгъэхэм, спортым дахьэхырт, «Адыгэ псалъэ» газетыр и Іэпэгъут. Нобэр къыздэсым ар къэзыщІыхуу щытахэм яту ихуркъым, - жеІэ Ахьмэд и къуэш нэхъыщІэ Хъусен.

Бекъалды Ахьмэд и фэеплъыр яхьумэ абы къыдалъхуахэм, и щхьэгъуэз Светланэ, япхъухэу Анжелэрэ Зитэрэ, абыхэм къащІэхьуахэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм зэрытемытым къыхэкІыу

Урысей Федерацэм и щіыхэм зэрызыхуагъаззэм зэрыхэплъэ щІыкІэм теухуа законодательствэр Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и къуажэ администрацэхэм зэрагъэзащІэр щІыпІэ прокуратурэм къипщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, Арыкъ къуажэ администрацэм хабзэкІэ ягъэуба пІалъэм кьурыбыдзу цІыхухэм зэрызыхуагъаззэм щыхэпльэркъым.

Абы щыгъуэми «Урысей Федерацэм и щіыхэм я тхьылъэм зэрыхэплъэ щІыкІэм и ІэхъукІэ» 2006 гъэм накъыгъэм и 2-м къащта Федеральнэ закон №59-м и 12-нэ статьям ипкъ иткІэ, къэрал органхэм, щІыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэм е къулыкъущІэм яІэрыхьа зэрызыхуагъаззэ тхьылъэм щатхам щегъэжьауэ махуэ 30-м кьурибыдзу хэпльэну я кьалэнщ.

Зи гугъу тщІы законым и 10-нэ статьям и апэ Іыхьэм и 4-нэ пунктым зэрыжиІэм хуэдэу, щыпІэ самоуправленэм и Іэхъущапіэм е къулыкъущІэм тхьыгъэкІэ зыхуэфащэ жэуап зэрызыхуагъаззэм иратыжьн хуейщ.

Къэпщытэныгъэм кьриІуам ипкъ иткІэ, УФ-м и КоАП-м и 5.59-нэ статьямкІэ, Тэрч щІыналъэ прокуратурэм Арыкъ къуажэ администрацэм и лэжьакІуиблым ахуэгъэзэуэ административнэ Іэуху къызэІуихащ икІи, хэпльэн папщІэ ззэыгъэкІыж судыщІэм иритащ.

Зэхъуэкіыныгъэхэм къару ягъуэт

2017 гъэм гъатхэпэм и 23-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэ №326-мкІэ транспортыр зэрагъэкІуэну хуит щащІ экзаменхэр зэрыІах, абыкІэ тхьылъэр зэрат хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ.

ИДЖЫ къэрал, муниципальнэ Іэхъутхьабзэхэр зэуІуу щызэфІагъэкІ центрхэм я документхэр ират, апхуэдэу нэхъапэм къагъэсэбэпа урысей лъэпкъ шофёр тхьылъэм я пІэкІэ Къэрал автоинспекцэм и къудамэхэм щагъэхьэзыра урысей лъэпкъ шофёр удостоверенэхэмрэ къэрал зэхуаку шофёр тхьылъэмрэ къыщыІах хьунущ.

2017 гъэм гъатхэпэм и 24-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэ №333-мкІэ Гъуэгум зэрыщыізекІуэ хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Рулыр зэрагъэгъэр илъэситІ мыхьэхэм папщІэ мардэ пыукІа ягъэуващ. Къапщтэмэ, ягъэІэпхъуэн мурадкІэ, апхуэдэ шофёрхэм я транспортым нэгъуэщІ падзэ хьунукъым. Я стажыр илъэситІ ирикъуну, мопед, мотоцикл зехуэн щІэзыдзагъащІэжьну хуиткъым.

Зи стажыр илъэситІ иримыкъуахэм я транспортым «Шофёр щІэзыдзагъащІэ» къыхэзыгъэщхьэхукІ дамыгъэ кІэрымытмэ, УФ-м и КоАП-м и 12.5-нэ статьям и апэ Іыхьэмкіэ административнэ жэуап яхь, сом щитхукІэ йотхьэжь.

2017 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м щегъэжьауэ мы зэхъуэкІыныгъэхэм къару ягъуэтащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Гъатхэм дощІэращІэ

● Къэбэрдей уэрам

Налшык и Къэбэрдей уэрамыкум ирикІуэу тет удз гъэгъа хэсапІэхэр гъатхэ пасэм къыщыщІэдзауэ нобэм къэсыху ягъэдэхащ тюльпан зэмыфэгъуэхэм.

ПІАПЪЭР икІыу ахэр зэрыгъуэлам къыхэкІыу нэгъуэщІ удз гъэгъа лІэужьыгъуэхэмкІэ зэрахьэгъкІ. Иджы хасэр гъэмахуэр икІыху щІэращІэу хэтыну щхьэантІагъэхэрщ. Кіэльплъыжащ ашыкышхуэхэм и жыг дахэхэми. ТхьэмпэщІэ цІыкІухэр кьыпидзэн зэрыщІидзэу ахэри щыІэпэшэрхэмкІэ ягъэнщІащ, хьэпщхупщхэм щызыхьумэну хущхъуэгъуэхэри ирахьэлІащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Напэкіуэцір зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ

● Иужьрей уэрджынэ

ГъащІэм лъэбакъуэщІэ хачэ

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм пыщІа дэтхэнэм и дежкІи мыхьэнэ ин иІэщ нобэрей махуэм, абы хуэмыпІащІи яхэткъым а Іэнатіэм епхаэм, ар балигъ е сабий ирырехъу. Къэралым и курыт еджапІэ псоми нобэ къыщеуэ иужьрей уэрджынэм и зу макъыр псом хуэмыдэжу гурэ псэкІэ зыхащІэ курыт школыр мы гъэм къэзыух ныбжьыщІэхэм. Ар иужьрейуэ къызыхуеуэхэм ящыщщ ди республикэм и еджакІуэ мини 6-м щІигъур.

САБИИГЪУЭМРЭ балигъ гъащІэмрэ я гъунапкъэ зэпыльпыІэу яльытэ иужьрей уэрджынэм и махуэшхуэр цІыху куэдым эдэлэт. НыбжьыщІэхэм я гуфІэгъуэм хэтщ адэ-анэхэри, егъэджакІуэхэри, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лЫкІуэхэри, къалэ, къуажэ администрацэхэм я Іэщ1агъэлІхэри. Школ линейкэхэм апхуэдэу я къарагъэблэгъащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэм пщІэ щызиІэ нэхъыжьыфІхэр. Ахэр псори щызэхуос махуэшхуэм хуагъэщІэрэщІа, макъамэ дахэхэр къыщыІу школ пщІантІэ хуитхэм. Іэгуауэшхуэм щІэту абыхэм я утыкухэм къыщрагъэблагъэ гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэщІэ зи гум щыз, курыт школыр къэзыуххэр, я класс унафэщІхэр я пашэу. Гури псэри зэщІэзыІэтэ апхуэдэ Іуэху дахэм нобэ хэт ныбжьыщІэхэм мыгувэу ятынущ курыт школыр къэзэрахъым и щыхьэт экзаменхэр. Шэч хэмылъу, дэтхэнэри хущІокъу ахэр ехъулІэныгъэкІэ итыну, хуопабгъэ и хъуэпсапІэхэм ялъэІэсыну, гугъапІэщхэр зрагъэхъулІэну.

Уэрджынэм балигъ гъащІэм хишэ ныбжьыщІэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэ куэд щоІу нобэрей гуфІэгъэ зэхьыхьэхэм. ЛъагапІэщІхэр зи плъапІэ, къэралым и къэкІуэнур зэлъыта зи щІалэгъуэхэм «Гъэзгу махуэ» яжьдоІэ ирэри. Иужьрей уэрджынэр угъурлы яхуэхъуну, дунейм щхьэ и уэрыпІэ щигъуэтыну, гупсысэ Іущхэр зи лъабжьэ Іэху екІу куэд зэфІэхыну, насыпмыкІуэщІрэ ехъулІэныгъэкІэ гъэнщІа гъащІэ ирахьэкІыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и редактор.

● Ди ехъулІэныгъэхэр

Тау Валерэ

Бещто Елдар


Шен Эрик

Айбазов Павел

Къанокъуэ Темырлан

«Ди республикэм и щІыхьыр адэкІи тІэтынущ»

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ щекіуэкіащ Урысейпсо школ олмпиадэхэм щытекіуахэмрэ абыхэм къыхэжаныкіахэмрэ щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ зэІущІэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуадзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр **Емуз Нинэ** зи пашэ Іэнатіэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхьылъэмрэ саугъэт ІыапІэхэмрэ яритащ къэралпсо утыкум ди щІыналъэм и щІыхьыр щызыІэта ныбжьыщІэ зыбжанэм. Апхуэдэхэщ Санкт-Петербург къалэм «Основы безопасности жизнедеятельности» (ОБЖ) предметымкІэ щекІуэкІа урысейпсо олимпиадэм и иужьрей Іыхьэм щытекІуэу япэ увыпІэр зыхуагъэфэща **Тау Валерэ**, апхуэдэ къэралпсо школ олимпиадэхэм ехъулІэныгъэ лъагъэхэр къыщыхьзыхьахэу **Бещто Елдар** (нэмыцэбзэмкІэ), **Шен Эрик** (обществознаниемкІэ), **Айбазов Павел** (обществознаниемкІэ), **Къанокъуэ Темырлан** (правэмкІэ).

- Нобэ къытхужьифІэ щытхъу псалъэхэм я мыхьэнэри кьытхэзвгъэфэща щІыхь тхылъхэм япылъ жэуаплныгъэри фІы дыдэу къыдгуроІуэ, - жиІащ Налшык дэт курыт школ №95-м и еджакІуэ нэхъыфІхэм ящыщ Тау Валерэ. - Фыкъыдогъэгугъэ кьытхуэфщІа пщІэ лъагэр адэкІи дгъэпэжыну, фІыуэ тлъагъу ди республикэм и щІыхьыр нэхъри зэрытІэтыным дяпэкІи дыхущІэкъуну. ФІыщІэ фхудощІ кьытхуэфщІа гулыытэм папщІэ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щагъэлъэпІащ урысейпсо олимпиадэхэм хэтыным школакІуэхэр хуэзыгъэхьэзыра я еджакІуэхэр, ахэр щеджэ школхэм я унафэщІхэр, ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэр. Абыхэм хуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, егъэджакІуэхэм я республикэ профсоюз зэгухьэныгъэм къабгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр, саугъэтхэр, удз гъэгъахэр.

Ди лъэпкъым, республикэм я пщІэр зыІэта щІалэхэм дохъуэхъу гъащІэм хуаІэ мурадхэр къайхъулІэу, пэрыту щытынщ хьэл дахэу яхэлъу, зытеува текІуэныгъэ лъагъуэр апхуэдэ ехъулІэныгъэхэр щыкуэд гъуэгу бгъуфІэ яхуэхъуу псэуну.

● Зэпеуэхэр

«Дэрмырамэ, хэт-тІэ?»

Апхуэдэ фІэщыгъэр зиІэ зэпеуэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Бахъсэн районым хыхьэ жыпэхэм дэт курыт школхэм. Ар ехьэлІауэ щытащ 2017 гъэр ЩІыуэпсым и илъэсу зэрагъэувам.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКІЭ щІыналъэ Іэнатіэм къызэриГъэпсыца зэхьэзэхуэм и утыку ныбжьыщІэхэм ирахьащ дыкъэзыухъуреихь дунейр, щІыуэпсыр хъумэным тещІыхьа экологие проектхэр. А лэжьыгъэхэм я лъабжьэт школым, къуажэм, районым я псэукІэм щІыуэпсыр хъумэным епхаУэ хэлъ узыгъэпІейтей Іуэхуэхэр. Зэпеуэм кьыхуэзрагъэпэща къэпщытакІуэ гупыр набдзэгубдзапІъэу хэпльащ, ныбжьыщІэхэм я проект псоми. Абыхэм гупытэ хэха хуащІащ щІыуэпсыр нэхъыфІу хъумэнымрэ цІыхум и узынщагъэр егъэфІэкІуэныкІэ школакІуэхэм къыхалъхьа Іуэху еплъыкІэхэр гъащІэм хэпща хъун хуэдэу зэрыщытым, апхуэдэу лэжьыгъэр зэрыгъэзэщІа щІыкІэмрэ абы иІэ тепльэмри я нэІэ трагъэтащ.

- Апхуэдэ зэпеуэхэр икъукІэ щхьэпэщ щІыблэр хэкупсэу, щалъхуа щІыналъэм и кьабзагъэм, ар хъумэным гулытэ хуащІу къэгъэтэджынымкІэ, - жиІащ Бахъсэн щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэ пажэ Албот Людмилэ. - Сабийхэм гурэ псэкІэ зыхигъэщІэн хуейщ дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсым и щытыкІэм щыщ унэтІыныгъэ куэдкІэ дэтхэнэми жэуап зэрихьу.

Зэпеуэм кьыхэжаныкІахэр агъэлъэпІащ. Абыхэм ираташ егъэджэныгъэмкІэ щІыналъэ Іэнатіэм кьыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр, саугъэтхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

● Зэпеуэхэр щхьэпэхэр

Хабзэхэр зэращІэр къапщытэ

Ди республикэм и курыт школхэм щокІуэкІ «Проверь ПРАВОзнание» фІэщыгъэр зиІэ къэпщытэныгъэхэр. УФ-м и МВД-м и нэІэм щІэту лажьэ Жылагъуэ советым и жэрдэмкІэ къыхалъхьа а Іуэхуэгъуэм и мурад нэхъыщхьэр къэралым щызекІуэ хабзэхэм къытщІэхъуэ щІэблэр нэхъыфІу щыгъуазэ щыныщ, а хабзэхэр я гъащІэ мардэу ахэр къэгъэтэджынырщ.

ІУЭХУ щхьэпэр ирагъэкІуэкІ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, абы и Жылагъуэ советым хэтхэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІхэмрэ.

Акцэм нэхъ жыджэру хэтахэм ящыщщ Налшык дэт курыт школ №97-м и еджакІуэхэр. Класс нэхъыжьхэм щІэс ныбжьыщІэхэр хуабжьу дихьэхауэ елэжьащ къэпщытакІуэхэм къратА упщІэхэм. Къэпщытэныгъэхэр яублэн ипэкІэ, абыхэм захуигъэзащ МВД-м и щІыналъэ Жылагъуэ советым хэт, школым и унафэщІым и къуадзэм и Іэщ1агъэлІхэмрэ, майор Сокъур Мадинэрэ УФ-м и УМВД-м и Налшык Іэнатіэм зи ныбжь нэмысахэм ядэлэжьэныкІэ и къудамэм и инспектор, полицэм и капитан Бзабзэ Лянэрэ школакІуэхэм яхутепсэлъыхьащ хабзэр гъэзэщІэным иІэ мыхьэнэмрэ ахэр къызэпызыудэхэм яхь жэуапхэмрэ.

«Проверь ПРАВОзнание» къэпщытэныгъэхэр ди щІыналъэм хиубыдэ курыт школ псоми щокІуэкІ.

ТАМБИЙ Линэ.

ГъащІэм и щІыхь

Ди республикэм и курыт школхэм щокІуэкІ «Проверь ПРАВОзнание» фІэщыгъэр зиІэ къэпщытэныгъэхэр. УФ-м и МВД-м и нэІэм щІэту лажьэ Жылагъуэ советым и жэрдэмкІэ къыхалъхьа а Іуэхуэгъуэм и мурад нэхъыщхьэр къэралым щызекІуэ хабзэхэм къытщІэхъуэ щІэблэр нэхъыфІу щыгъуазэ щыныщ, а хабзэхэр я гъащІэ мардэу ахэр къэгъэтэджынырщ.

ІУЭХУ щхьэпэр ирагъэкІуэкІ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, абы и Жылагъуэ советым хэтхэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІхэмрэ.

Акцэм нэхъ жыджэру хэтахэм ящыщщ Налшык дэт курыт школ №97-м и еджакІуэхэр. Класс нэхъыжьхэм щІэс ныбжьыщІэхэр хуабжьу дихьэхауэ елэжьащ къэпщытакІуэхэм къратА упщІэхэм. Къэпщытэныгъэхэр яублэн ипэкІэ, абыхэм захуигъэзащ МВД-м и щІыналъэ Жылагъуэ советым хэт, школым и унафэщІым и къуадзэм и Іэщ1агъэлІхэмрэ, майор Сокъур Мадинэрэ УФ-м и УМВД-м и Налшык Іэнатіэм зи ныбжь нэмысахэм ядэлэжьэныкІэ и къудамэм и инспектор, полицэм и капитан Бзабзэ Лянэрэ школакІуэхэм яхутепсэлъыхьащ хабзэр гъэзэщІэным иІэ мыхьэнэмрэ ахэр къызэпызыудэхэм яхь жэуапхэмрэ.

«Проверь ПРАВОзнание» къэпщытэныгъэхэр ди щІыналъэм хиубыдэ курыт школ псоми щокІуэкІ.

ТАМБИЙ Линэ.

Иуан Иринэ токІуэ

Сочэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Гъатхэ маКъамэхэр» зи фІэщыгъэ. ЗэчиифІэхэм я ещанэ дунейпсо сабий-ныбжьыщІэ фестиваль-зэпеуэ зэІуха. Іыхьэ кэуду зэщхьэщыхьауэ щыта творческэ зэхьэзэхуэм и «Художественнэ псалъэ» унэтІыныгъэм щытекІуащ Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлъыкъуэ хуэажэм дэт курыт школ №1-м и еджакІуэ Иуан Иринэ.

«САПФИР» творческэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьа фестивалыр къызыхуэтынщэу егъэкІуэкІыныжмкІэ щІэгъэкъуэн къыхуэзыуащ Сочэ къалэм Лъэпкъ щэнхабзэхэмкІэ и центрыр, къалэ администрацэм ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ и Іэнатіэр, ЮНЕСКО-м далажьэ дунейпсо фондым Краснодар щІыналъэм щиІэ къудамэр. Іуэху дахэр зэхэзыублахэм я мурад нэхъыщхьэр лъэпкъ щэнхабзэм, Іуэрыіуатэм я Іэмалхэмкіэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэныгъ, ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ эстетикэ зэхэщІыкІым зегъэужьныгъ, сабий зэчиифІэхэр наІуэ къэщІыныгъ.

Ди лъахэгъу ныбжьэбз щІыкІур зыхэта «художественнэ псалъэ» унэтІыныгъэм къыщыгъэлъэгъуэн хуейт лъэпкъ усакІуэхэм е тхакІуэхэм я къалэмыпІэм къыпыкІа тхыгъэм екІуу, зыхэщІэгъуэу укъызэреджэфыр, абы и купщІэр щІыхьм и деж зэрынэпхъэсыфыр. Къыпэщылъ апхуэдэ къалэн псоми пэлъэщащ Иуан Иринэ икІи а унэтІыныгъэмкІэ япэ увыпІэр къыхуагъэфэщащ, зэпеуэм и щІыхь тхылъри кьратащ.

Иуан Ирини ар зэпеуэм хуэзыгъэхъэзыра и егъэджакІуэ Лий Ляни дохъуэхъу ди лъэпкъым, Хэкум я пщІэр зыІэт апхуэдэ текІуэныгъэ куэд иджыри кьытхуахьыну.

БЖЭІУМЫХ Къантемыр.

● Ди еплъыкІ

«Вагъуэбэм» къахолыдыкІ

Москва областым хыхьэ Королёв къалэм иджыблагъэ щекІуэкІа «Вагъуэбэ-2017» 18-нэ урысейпсо олимпиадэм ехъулІэныгъэ яІэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджакІуэхэр. Цыху 15 хэу ныбжьыщІэ гупыр «ДыгъафІэ къалэ» творческэм и щІыхь гупым яп увыпІэр къыщахьащ.

ЩІЫМ илъэтыкІ яп Іэрыщ1 спутникыр хьэрышм зэрауТІыпщрэ илъэс 60 зэрыриКъум и щІыхьхІэ къызэрагъэпэща а олимпиадэм ныбжьыщІэхэм щагъэлъэгъуащ «ЦІыхур - ЩІыр - Хьэршыр» унэтІыныгъэм теухуауэ ягъэхьэзыра щІэныгъэкъэхутэныгъэ проектхэр. ЩІэныгъэ-техникэ творчествэм зи гур хуэзІуха сабийхэр наІуэ къащІыным, инженерием, техникэм, къэхутэныгъэм епха Іэщ1агъэхэм щІэблэр дегъэхьэхыным хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща а къэралпсо зэпеуэм, ди гуапэ зэрыхъущи, къыхэжаныкІащ ди хэкуэгъу ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр.

Гупым щыщ дэтхэнэри къыхэжаныкІащ «Вагъуэбэ-2017» зэпеуэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Хьэршым пыщІа Іэнатіэр роботхэмкІэ къызэрэпэщыныр» унэтІыныгъэм яп увыпІэр къыщихьащ **Тэгъэузло Артур**, етІуанэ хъущ **Данисенкэ Даниил**, ещанэ увыпІэр зэдагъэшащ **Чэщыбей Алихъан**, **ДыщэкІ Рустам**, **Къардэн Руслан** сымэ. ЩІэблэр дегъэхьэхыным хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща а къэралпсо зэпеуэм, ди гуапэ зэрыхъущи, къыхэжаныкІащ ди хэкуэгъу ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр.

Гупым щыщ дэтхэнэри къыхэжаныкІащ «Вагъуэбэ-2017» зэпеуэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Хьэршым пыщІа Іэнатіэр роботхэмкІэ къызэрэпэщыныр» унэтІыныгъэм яп увыпІэр къыщихьащ **Тэгъэузло Артур**, етІуанэ хъущ **Даниенкэ Даниил**, ещанэ увыпІэр зэдагъэшащ **Чэщыбей Алихъан**, **ДыщэкІ Рустам**, **Къардэн Руслан** сымэ. «ЧІыхьэ лабораторэ» унэтІыныгъэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ **Черкесов Аззмэт**, ещанэ хъущ **Карлов Андрей**. «Программирование» унэтІыныгъэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ **Улькашев Мухьэмэт**, ещанэ хуагъэфэщащ **Ныр Мухьэмэд**. «Астрономия» унэтІыныгъэмкІэ екІуэкІа зэпеуэхэм пашэ щыхъущ яп увыпІэри къыхуагъэфэщащ **Мэсей Аслъэн-Джэрий**, **Кожуховский Эдвард** - етІуанэ увыпІэр, **Ахъмэт Эрик** - ещанэ увыпІэр къыщахьащ. «КъэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я дунейхэр» унэтІыныгъэм яп увыпІэр къыщихьащ **Дыгъужь Дианэ**, етІуанэ хъущ **КІарэ Розалинэ**, ещанэ увыпІэр хуагъэфэщащ **Шортей Дианэ**.

ЩІэныгъэ секцэхэм я лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтам къыдэкІуэу, олимпиадэм щыІа ныбжьыщІэхэр зэпеуащ ябгъэдэлъ творческэ зэфІэкІхэмкІи. А зэпеуэм и «ДыззрыбгъэцІыху» унэтІыныгъэм «ДыгъафІэ къалэм» щыщ гупым яп увыпІэр къыщахьащ. Уэрэд жыІэныкІэ зэпеуэм и «Гран-при» сауГъэтыр кьыхуагъэфэщащ **Ныр Мухьэмэд**. «ЦІыхубз уэрэдхэр» унэтІыныгъэм щІыхь тхылъхэр къыщратащ **КІарэ Розалинэрэ Шортей Дианэрэ**. Усэ къеджэным пашэ щыхъуахэм ящыщщ **Ахъмэт Эрик**.

Апхуэдэ ехъулІэныгъэхэр къэзыхьа ди хэкуэгъу ныбжьыщІэ цІыкІуэхэр ирагъэблагъащ «Энергия» ракетэ-хьэрш корпорацэм (РКК), Вагъуэбэ къалэ цІыкІум космонавтхэр щагъэхьэзыр, Гагарин Юрий и цІэр зезыхьэ и центрым, Монинэ щыІэ ВВС-м и авиацэм и музейм. Ахэр хуэзащ урысей космонавт, «Энергия» РКК-м и космонавт гупыт хэт, «Союз ТМА-М» хьэрш кхъухьм и бортинженер Скрипочка Олег. Ар ныбжьыщІэхэм ядэгуэшащ хьэршым зэрылъэтам теухуа гукъэкІыжхэмкІэ, Дунейпсо хьэрш станцым (МКС) и лэжьакІэм яхутепсэлъыхьащ.

ЯбгъэдэлЪ щІэныгъэ куумрэ зэфІэкІ лъагэхэмкІэ къэралпсо «Вагъуэбэм» къахэлыдыкІа ди хэкуэгъу ныбжьыщІэхэм дохъуэхъу зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэ лъагэхэмкІэ. «ДыгъафІэ къалэм» и гъэсэн зэчиифІэхэм я цІэр фІыкІэ куэдрэ ирыpely.

Къалэн нэхъыщхьэр егъэзащІэ

● Юбилейхэр

Аруан щІыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-р къызэрызІуахрэ мы гъэм илъэс 90 ирокъу. Къэралыр псэукІэщІэм щыхуэкІуэ, лъэпощхьэпохэр щыкуэдэмэн гугъури, зауэ нэуж къэлъэхэрэм зыльэгъуа школым абы лъандэрэ егъэджакІуэ куэди унафэщІ зыбжани зэрихьэкІащ. Ауэ ар дапщэщи хущІокъу и къалэн нэхъыщхьэр - щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныр - къызыхуэтынщэу зэригъэзэщІэным.

ШКОЛЫР щыналъэм япэу щаухуауэ щытахэм ящыщщ. ИлъэсиплІ пэщІэдзэ еджапІэу ар 1927 гъэм Къэхъун жылэм япэу къыщызІуахащ. ЕгъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр курсхэмрэ институтымрэ къыхуауэ а лъэхъэмэн абы щылэжьахэм ящыщщ къэхъундзсхэу Берычэт Зырамыку, Такъ Джэрий, Къуп Мэнрэзиил, Такъ Гуагуэ, Лъэпщокъуэ Султъан, Гулэжьин Хьэжкъасым сымэ, нэгъуэщІхэри. Ди щІыналъэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыкІыурэ Къэхъуным и щІэблэм щІэныгъэ иратырт Хьуран Хьэжмурид, Хьэмырзэ Мысост, Тхьэзэплъ Темболэт, АфІэунэ Сэрэзэл, МаскІэ МутІалиб, Адаев Урысбий, ЛІуп Данил, Къэжэр Хьэбцинэ сымэ. Апхуэдэу лажьэуэр, ар хуэмурэ хуэкІуащ илъэсибл еджапІэм, иужькІэ, 1937 гъэм, къуэжьэм щаухуащ яп курыт школыр. Абы щеджэр къэхъундзэхэм я бынхэм я закъуэтэкъым, атІэ Псынабэ, Дохъуышкъуей (иджы Нарткъалэ) щыщ сабийхэми курыт щІэныгъэ щызрагъэгъуэтырт.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм егъэджакІуэхэм ящыщ куэд фронтым Іухьати, абыхэм я пІэкІэ а Іэнатіэм пэрагъэвуэ щыІатаз еджэнкІи гъэсэныгъэкІи школым щыпащэ ныбжьыщІэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Нэзэрхэ Лидэ, Хъамсинэ, Жэлдузэхъан сымэ, Бэрэздж Таужан, Жамборэхэ Абужанрэ Нэхьмэтрэ. Зауэр ди щІыпІэм къэса нэужь, школым яп щІыкІэ ІэнатІэ къыщызэрагъэпэщащ, иужькІэ, 1942 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и щІыналъэ пщІондэ, лэжьэхьакъым, бийр къуажэм къыдыхьати. 1946 гъэм и фокІадэ маздэм школым и езанэ классхэм къащтащ сабии 105-рэ. Класс нэхъыжьхэми еджэнир къызыхуэтынщэу щызэтраублэжьащ. Классибл еджапІэ фІэкІа а зэманым зыдэмыта Псыкуэд, Шэрэдж Ищхъэрэ, Чёрнэ Речкэ, Мэрзэхъу жылэхэм къикІыурэ Къэхъун школым курыт щІэныгъэ щызрагъэгъуэтырт абыхэм кІыкІ ныбжьыщІэхэми.

1987 гъэм ар ягъэІэпхъуащ къатитІу зэтет, еджакІуэ 784-м тещІыхьа унэщІэм. Актовэ, спорт пэшышхуэхэр зыхэт, сабии 120-рэ зэуэ щыбгъэтІысхэу щыхапІэщхэр, библиотекэ, предмет зэмылІэужьыгъуэхэр нэхъ кууэ щаджжьи пэш хэха 11-рэ класс 19-рэ зиІэ еджапІэр зыхуэй-зыхуэфІ куэдкІэ къызэгъэпэщат. Лъэхъэнэм ижь зыщІихуауэ демократиер щытепщэ хъу школыщІэм и унафэщІу егъэджакІуэхэм я зэхуэсым щыхахат математик щІэна жыджэр Гулэжьин Хьэзрэт. Абы и нэІэм щІэту гупыр, сыт хуэдэ лъэхъэнэми хуэдэу, адэкІи хущІэкъуащ лъэпкъыр зэрыгушхуэн, абы хуэфащэ щІэблэр зэригъэсэным, ныбжьыщІэхэм щІэныгъэфІ зэрарилъыным.

Школым щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр илъэс зэхуэмыдэхэм яунэтІащ а Іэнатіэм фІыщІэ куэд къыщызыІэлжьахэу Нэгъуд Хьэсэн, Пщыбыхь Хьэжумар, Хьуэст Хьэжчэл, Джатокъуэ Юрэ, Къуэкъуей Руслан, Гъащтэ Оксанэ, нэгъуэщІхэми. Мы зэманым школым и унафэщІиц егъэджакІуэ ІэкъуэлъакІуэ икІи лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэзэ Хьэхъупащтэ Іэмин.

Нобэ еджапІэм къыпэщылъ къалэнхэм зашэщІащ, заубгъащ. Ахэр епхащ гъащІэм и зыужьыкІэмрэ бэкъуэкІэмрэ. Хэхъащ идкыбрей школым жылагъуэм щиІэ мыхьэнэми щигъэзащІэ къалэнхэми. ЕгъэджакІуэм сабийр щІэныгъэ гъуэгум тришэ къыдейкъым, атІэ икІи егъасэ, гъащІэм хуеуащий, абы и адэ-анэм хуэдэу.

- КъытщІэхъуэ щІэблэм иІэ зэфІэкІым, бгъэдэлъ щІэныгъэм къэралым и къэкІуэнур щелъытакІэ, я Іуэхуэм нэхъыщхьэ дыдэу хэт егъэджакІуэм и пщэм къыдэхуэ къалэнэр зэрыинур гурыІуэгъуэ, - жеІэ ХьэхъупащІэм. - Сабийр екІуу бгъэсэныр, абы и пэр щІэныгъэм хуэбгъэуцыныр, къыдэпхъыныр икІи балигъ гъащІэм хуэбгъэхьэзырыныр жэуаплныгъэ зыпылъ лэжьыгъэ гугъуащ. Лъэпкъым, къралым я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а къалэнхэм дызэрехъулІэным яужь дитщ сызипашэ школым и лэжьакІуэ псори.

Школым и егъэджакІуэхэри абыхэм я гъэсэнхэри жыджэру хэтщ районпсо, республикэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм. Апхуэдэу УФ-м и Президентым къыхилъхьа «Егъэджэныгъэ» проектым ипкъ иткІэ екІуэкІа къэралпсо зэпеуэм хэта школым и лэжьакІуэхэу Сэншокъуэ Сэлихьэт, Къыржи Мурэзит сымэ икІи абы щытекІуащ, «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэ лъапІэмрэ ахьшэ саугъэтхэмрэ кьыхуагъэфащэу. НыбжьыщІэхэм я иужьрей текІуэныгъэхэм ящыщщ «Кавказым и кІэкІуэнур» щыналъэ зэхуаку зэхьэзэхуэм Абазэ Майе математикэкІэ яп увыпІэр къызэрыщыкъуар. ЕджапІэм и куэдщ узэрыгушхуэ хъуну апхуэдэ текІуэныгъэ лъагэхэр.

Еджэным пыщІа Іуэхуэм къадэкІуэу, къытщІэхъуэ щІэблэр лІыгъэм, хахуагъэм я щапхъэхэм щІэпыкІыным, лъэпкъым и цІыху пажэхэр я гъащІэ гъуазэу, хэкупсэу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ щрат Къэхъун жылэм дэт курыт школ №1-м. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и ІэмалыфІхэм ящыщ а Іуэху бгъэдыхьэкІэм щыхьэт техъуэ зэхьыхь гуапэ куэд къыщызэрагъэпэщ еджапІэм.

Зи илъэс 90 юбилейр мы гъэм зыгъэлъапІэ курыт школым, балигъ гъащІэм, щІэныгъэм я гъуэгу зауэхэм ныбжьыщІэхэр тегъуэвэныр, абыхэм гъэсэныгъэ екІу яхэлъхьэныр зыгъэнэхьапэ ІуэхуэщапІэм, ехьулІэныгъэщІэхэр иджыри зыІэригъэхьэну ди гуапэщ. ЩІэблэм я гъуэгугъэлъагъуэу, унэтІакІуэу щыт егъэджакІуэхэми абыхэм я унафэщІми я пщІэм хэхъуэ зэпыту щрырет.

КЪАРДЭН Маритэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Хъугъуэфlыгъуэхэр

Умыщlэххэу уажьэхэуэнкlэ зыхуэlуа щыlэкъым

Языныкъуэхэм деж цlыхухэм къагъуэт игъащlэкlэ гугъу ехьми къахуэмылэжьынум хуэдиз мылъку. Псалъэм папщlэ, инджылыз гуэрым къищэхуа совет танкыжьым и бензинылъэм илът доллар мелуани 2,5-рэ я уасэ дыщэхэкlхэр. Арщхьэкlэ псори къэралым иритыжын хуей хъуащ.

Автомобилыр... щlатlат

ЛЬЮИСХЭ я унагъуэм 1978 гъэм унэщlэ къыщащэхуащ Лос-Анджелес къалэм. Шындэбзиймкlэ щыджэгу я сабийхэм щlым къыхэщ къудей пленкэ кlапэ цlыкlу къагъуэтащ. Ар къыщыщlахым къалъэгъуащ абы и щlагъым автомашинэм и пкъыгъуэхэм ещхь гъущlыкlэ гуэрхэр зэрыщlэлъыр. Я адэ-анэми жраlащ ар. Нэхъыжьхэм кърараджа полицэм абдежыр къатlэщlу хуежьэри, наlэпэлъэщlхэмкlэ щlэуфа автомобиль дэгъуэ къыщlахащ. Белджылыт къагъэзэжу ар къыщlатlыкlыжыну зыгуэрхэм зэрамурадар. Атlэ сытыт щlыщlатlар?

Номерхэмкlэ къахутащ ар гъунэгъу къалэ цlыкlум щыпсэу къызэрыгуэкl лэжьакlуэ Круз Розендэ ейуэ зэрыщытар. 1974 гъэм абы машинэр къищэхуат доллар мин 18-кlэ. Иужькlэ игъэlуащ ар ядыгъуауэ. Арщхьэкlэ хабзэхъумэхэм сэтей къащlащ ар зэрымыпэжыр. Апхуэдэу щыхъум, Круз щlалэ гуэрхэр къигъэдэlуащ ар ирахужьэну - страховой компаниехэм ахъшэшхуэ къатриудыну и мурадт.

Зэрызэгурыlуамкlэ, машинэр хым хадзэн хуеящ. Арщхьэкlэ ар зи дахагъым ар епщlэну къеэзгърэт? Езыхужьахэми къемызэгъыу къалъытащ: абыхэм автомобиль дэгъуэр щlым щlатlащ, арщхьэкlэ, иужькlэ ар къыщlахыжыну трагъэзэжакъым...

Мыбдежми автомашинэр къэзыгъуэтыжахэм зыри ялъысакъым: ар иратыжащ нэхъапэм зеям ахъшэшхуэ хуэзыпшынауэ щыта страховой компанием. Икlэмикlэжым, автомобилыр аукционым щащащ. Доллар мин 23-рэ lэрыхьащ автомашинэр къэзыгъэщlэрэщlэжа автомеханикым.

Пэжщ, Льюисхэ арэзыуэ къэнащ: щlалэ хъыжьэхэм автомобилыр къащтэжыну къытрагъэзамэ, къэхъунур зыми ищlэртэкъым. Абы щыгъуэми, ар зеяр 1975 гъэм лъэужьыншэу кlуэдат...

Хилъэфэнкlэ мэшынэ

1992 гъэм пенсионеркэ Хортон Терри (нэхъапэм хьэлъэзешэ автомашинэ зэригъакlуэу лэжьат) мурад ищlащ сымаджэ хъуа и ныбжьэгъур зыгуэркlэ игъэгуфlэну, абы и гукъыдэжыр къыхуиlэтыну. Арати, хьэпшып тlорысэхэр щащэ тыкуэным щlыхьэри, сурэт lэрыщl къищэхуащ доллари 5-кlэ. Ауэ и ныбжьэгъу цlыхубзым ар игу ирихьакъым. Сурэтыр инщи, увыпlэшхуэ еубыд, къимыдэкlэ, ар фагъуэ гуэрщ, езыми и пэшыр цlыкlущ. Апхуэдэу щыхъум, Терри сурэтыр и унэм ихьыжащ.

Зэман дэкlри, зыхуэмеиж хьэпшыпхэр щащэ щlыпlэм ар щригъэкlыну мурад ищlащ Терри. Сурэтыр къызэрилъагъуу гъуазджэмкlэ егъэджакlуэр къэувыlащ умэзэхауэ.

- Си фlэщ хъуркъым, ауэ мыр Поллок Джексонщ.

- Хэт а Поллок Джексоныр?

Гъэщlэгъуэнтэкъым руль иlыгъыу илъэс lэджэкlэ гъуэгуанэ куэд зэпызыупщlам абстракционист цlэрыlуэ дыдэр, зи сурэтхэм ящыщ зыр аукционым доллар мелуани 140-кlэ (!) щащар, зэримыцlыхур!

Куэдым я фlэщ хъуркъым Поллок ищlа сурэтыр Хортон доллари 5 къудейкlэ къищэхуауэ икlи ар Джексон и lэдакъэщlэкlыу. Уеблэмэ, сурэтыщl lэзэм и lэпапlэхэр абы къыкlэрагъуэтами, аукционхэм сурэтыр ящэну lахыркъым: шэч зыщl куэд щыlэщ. Терри хуейкъым ар цlыху щхьэхуэхэм ярищэну - пуду lэщlагъэкlынкlэ мэшынэ.

Ауэ фызыжьыр зыгуэркlэ нэхъ къулей хъуауэ къыщlэкlынущ - Поллок теухуауэ апхуэдизкlэ куэд къищlащи, уеблэмэ, диссертацэ хуэтхынущ. Щlыдгъужынщ мы къэхъуам теухуауэ американ режиссёрым фильм дэгъуэ зэригъэувар.

Пэш щэху

2012 гъэм Санкт-Петербург Чайковскэм и цlэр зезыхьэ и уэрамым щызэрагъэпэщыжырт Трубецкой-Нарышкинхэ яйуэ щыта унэшхуэр. Таджикистаным къикlахэрт абы елэжьри, щlалэхэм зэрымыщlэкlэ къагъуэтащ 1917 гъэм ягъэпщкlуа гъэтlылъыгъэр. Азие Курытым щыщхэр, дауи, хущlэкъуащ ар ябзыщlыну. Арщхьэкlэ хъумакlуэхэр сакъырт: абыхэм гу лъатащ лэжьакlуэхэм жэщым «Газель»-м къэпхэр зэрыралъхьэм. Еплъмэ - дыжьыным къыхэщlыкlа хьэкъущыкъухэт, Нарышкинхэ я дамыгъэр ятегъэуэжауэ!

Ухуакlуэхэм ахэр пэш щэхум, унэlутхэр зыщыпсэуам, къыщагъуэтащ. Хьэкъущыкъухэм ящlыгъут налкъутхэри. Псори зэхэту сом мелуани 189-рэ и уасэу къалъытащ. Абыхэм я зэхуэдитlыр ялъысынут хъугъуэфlыгъуэр зеяхэм я щlэблэхэм, арщхьэкlэ апхуэдэхэр къахуэгъуэтакъым. Иджы а мылъкур зыlэрагъэхьэну яужь итщ къэралыр, ремонт лэжьыгъэр зэхэзыубла фирмэр, Израилым и цlыхуу Нарышкинхэм къатехъукlауэ жызыlэр. Абы теухуа зэныкъуэкъур щlэх иухыну къыщlэкlынукъым.

Фlыгъуэр зыдыгъуну хэта ухуакlуэхэм яхуэгъэзауи уголовнэ lуэху къаlэтакъым: и мылъкур фlадыгъуауэ тхьэусыхэфынур ар зейрщ, ауэ ахэр дэнэ къипхыжын?

Мыбыхэм я lуэху къикlащ

Нью-Йорк щыпсэухэу Дэвисхэ Джорджрэ Беттирэ я насыпыр езыхэм я унэм и пкlэунэм телъу къыщlэкlащ. Бетти абы къыщигъуэтащ езы Фаберже дыдэм и lэкlэ щlа гуащэ цlыкlу.

Ар урыс император Николай Етlуанэм и щхьэгъусэ Александрэ и щхьэхъумэу щыта къэзакъ Пустырников Николай трашlыкlа скульптурэ цlыкlуу къыщlэкlащ икlи революцэр къехъеиным илъэситху фlэкlа имыlэжу, 1912 гъэм, абы тыгъэ хуащlат. 1917 гъэм ар lэрыхьат Урысейм иlэпхъукlахэм ящыщ американ хьэрычэтыщlэм, 1934 гъэм а скульптурэр доллар 2250-кlэ зыщам. Иужькlэ и лъэужьыр кlуэдащ, къыщыкъуэкlыжари лlэщlыгъуэм нэс дэкlауэщ.

Скульптурэ цlыкlур аукционым доллар мелуани 5,5-кlэ щащащ.

АЛЕКСАНДРОВЭ Ольгэ, РЕКСЕР Алисэ.
«Комсомольская правда»

Илъэсий пlалъэм трашlыхь

● УФ-м и Президент

УФ-м и Правительствэм игъэхьэзыращ зэман гъунэгъум Урысейм и экономикэм зэрызиужьыну планыр. Илъэсищ дызыхуэкlуэм ар дунейм ику иту щызекlуэ бжыгъэхэм ящхьэпрыкlын хуейщ. Абы теухуауэ щытащ Путин Владимиррэ Медведев Дмитрийрэ Сочэ щрагъэкlуэкlа зэlущlэр.

- КЪЭРАЛЫМ иlэн хуейщ езым и экономикэм зэрызиужьыну щlыкlэр къэзыгъэлъагъуэ гъуазэхэр, - жиlащ Путин Владимир. - Дэ дощlэ, сэ пщэрылъ зэращысщlам тету, абы lэщlагъэлl гупхэр зэрелэжьыр. Арщхьэкlэ абыхэм къыхалъхьэ lуэху псоми я лъабжьэу увын хуейр Правительствэм иригъэкlуэкl лэжьыгъэрщ.

Шэч хэмылъу, «lэщlагъэлl гупхэм къыхалъхьэхэм» я гугъу щищlым Президентым псом япэу зытрищlыхьар Кудрин Алексей и жэрдэмхэрщ. Ахэр абы хэlущlыlу ищlын хуейщ накъыгъэм и кlэухым. Арщхьэкlэ, къалэн нэхъыщхьэр зыгъэзэщlэнур Министрхэм я Кабинетырщ.

- Правительствэм игъэхьэзыра планым щыубзыхуащ ди экономикэм 2017 гъэм къыщыщlэдзауэ 2025 гъэм нэсыху зэрызиужьынум и пщалъэхэр, - къыхигъэщхьэхукlащ Медведевым. - 2019 - 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм ди экономикэм зэрызиужьыну псынщlагъыр дунейпсо пщалъэхэм зэралъэщlыхьэнум lэмал къитынущ цlыхухэм я псэукlэр егъэфlэкlуэным егъэщlылlа lуэху нэхъыщхьэхэр зэфlэдгъэкlыну.

- Правительствэм къыхилъхьэхэм нэхъ тедгъэщlэнщ, ауэ lэщlагъэлlхэм я жэрдэмхэми гупсэхуу дыхэплъэнщ икlи псори зэпэтшэчынщ, - жиlащ Путиным. - Апхуэдэ щlыкlэкlэ лъэныкъуитlым къагъэувхэм дызэхуеплъынущ, къыхэтхынури нэхъ тэмэму къэтлъытэрщ.

СМИРНОВ Дмитрий.
«Комсомольская правда».

● Щlыпlэ телъыджэхэр

Берн хуэдэу зи лъэужьыр тхыдэм lупщlу къыхэна къалэ дунейм къыщыгъуэтыгъуейщ. Ипэжыпlэкlэ ар Швейцарием и къалащхьэщ, апхуэдэ щыхьэр а къэралым иlэу федеральнэ конституцэм къыщымыгъэлъэгъуами. Берн и къалэжьым япэ увыпlэр щиlыгъщ ЮНЕСКО-м и дунейпсо тхыдэ щlэиным. Мыбы и щlыпlэ телъыджэхэр къыубжэкlыну гугъущ, апхуэдизкlэ куэд мэхъури. Ахэр зэщхь зыщlыр зыщ: курыт лlэщlыгъуэхэр уигу къызэрагъэкlыжырщ.

Гъэмахуэ зэманым Ааре псым и lуфэм къалэдэсхэм зыщагъэпсэху.

Швейцарием и кум щыlэ Берн ипэжыпlэкlэ Альпхэм я куэбжэщ. А къалэм автомашинэкlи мафlэгукlи тыншу укlуэфынущ.

Кадыров Рамзан и бынхэр езым нэхърэ нэхъ къулейщ

● Мылъку

Шэшэным и lэтащхьэм хэlущlыlу ищlащ и хэхъуэхэр зыхуэдизыр.

ЗЫ ИЛЪЭСЫМ къриубыдэу абы и мылъкур хуэдитlкlэ бэгъуащ. 2015 гъэм Кадыровым и хэхъуэхэр сом мелуанитху фlэкlа мыхъуамэ, 2016 гъэм ахэр сом мелуан 11,5-м нэсащ. Ар къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и Правительствэм и сайтым. Ипэ ита илъэсхэм республикэм и lэтащхьэм и хэхъуэхэр апхуэдэу инакъым: 2014 гъэми абы и пэ ита илъэситlми гъэ къэс къыlэрыхьар сом мелуани 5-м нэсакъым. Кадыровым метр зэбгъузэнатlэ 2344-рэ къызэрыкl унэ иlэщ, щlапlэшхуэм иту. Арщхьэкlэ, Кадыровым автомобиль иджыри къищэхуакъым.

lэтащхьэм и щхьэгъусэ Медни модэм и «Фирдаус» lуэхущlапlэр иlэщ. Абы 2016 гъэм сом мелуани 2,1-рэ къилэжьащ. 2015 гъэм а бжыгъэр сом мелуани 2,8-рэ хъурт. Абы фэтэр иlэщ метр зэбгъузэнатlэ 209,8-рэ и инагъыу, арщхьэкlэ ари автомобилыншэщ.

Кадыров Рамзан и бын 12-м ящыщу тlум (псори зэхэту абы езым и къуэ дыдэу плlы, бын ищlауэ щlалитl, пхъуих иlэщ) зэгъусэу 2016 гъэм я адэм къыхэхъуэм нэхърэ ахъшэ нэхъыбэ къалэжьащ - дэтхэнэми сом мелуани 9,9-рэ хуэзэу. 2015 гъэм декларацэм къыщыгъэлъэгъуа я хэхъуэхэр сом мин 200-м щlигъуатэкъым. Апхуэдэ щlыкlэкlэ, зэкъуэшхэм я мылъкур зы илъэсым къриубыдэу хуэдэ 50-кlэ нэхъыбэ хъуащ. Сабийхэм я мылъкур къыздикlар декларацэм къыщыгъэлъэгъуакъым.

Кадыровхэ я унагъуэм апхуэдэу яlэщ метр зэбгъузэнатlэ 300 хуэдиз хъу псэупlэ унэ.

ЮЖНЫЙ Михаил.
«Комсомольская правда»

● Украинэ

Къэралыр къызэрыунэхуар

Къызэрыщlэкlымкlэ, Украинэр бзыхьэхуэ-бзыхьэхуэу зэпыгъэува хъуа къэралу къокlуэкl. Зы щlыпlэ и деж къыщылалэмэ, сыт зыхуэкlуэнур?

А къэралым инфраструктэрэмкlэ и министр Омелян Владимир жиlащ Кърымымрэ Донбассымрэ я мызакъуэу, Псыжь (Кубань) и lэгъуэблагъэри зыlэригъэхьэжыну Киев lэмал иlэу. Ар телъыджэ дыдэщ. Икlи ягу къэдгъэкlыжын хуейщ езы Украинэр бзыхьэхуэ-бзыхьэхуэу зэрызэхэувар. Мыбдеж дэ тегъэщlапlэ щыдощl ди еджагъэшхуэ, тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор Назаров Олег и мызакъуэу, Киев щыщ щlэныгъэлlми - Украинэм Археологиемкlэ и институтым и lэтащхьэ Толочкэ Пётр - и lуэху еплъыкlэри.

Дэнэ къыщежьар?

- Порошенкэ Пётр жиlащ Украинэр джыназ Владимир Красное Солнышко къызэригъэпэщауэ.

Толочкэ: - Сызэрегупсысымкlэ, Пётр тхыдэм фlыуэ щыгъуазэкъым. Владимир 1015 гъэм лlащ, Украинэр къыщыунэхуар илъэс 600 дэкlа иужьщ. Абы щыгъуэ ар къэралуи щыттэкъым. Къуэкlыпlэ славянхэм ящыщу зыми ищlакъым илъэсищэ зыбжанэ дэкlмэ, ахэр лъэпкъ щхьэхуэхэурэ зэкlэщlэкlыну: зыр урысу, етlуанэр украину, ещанэр белорусу.

Назаров: - Хмельницкий Богдан 1654 гъэм Урысейм зэгурыlуэныгъэ къызэрырищlылlар Запорожье Дзэм и цlэкlэщ, армыхъумэ Украинэм къыбгъэдэкlыукъым. Епщыкlубланэ лlэщlыгъуэм и пэщlэдзэращ полякхэм езыхэм я къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ щыпсэухэм «окраина»-кlэ еджэн щыщlадзар. Иужькlэ абы къытехъукlащ «Украина» псалъэр.

- Хмельницкий Богдан и зэманым Украинэр Урысейм къыщыхыхьам сыт хуэдэ гъунапкъэхэр иlэт?

Толочкэ: - Абы щыгъуэм Урысеймрэ Малороссиемрэ зэхуэдэ хуитыныгъэ яlэу зэгухьакъым. Украинэр империем хэт автономие хъуат. Украинэ щlыналъэр Днепр и сэмэгурабгъум къыщыс область цlыкlу зыбжанэу зэхэтт. Ижьырабгъумкlи щыlэт Черкасскэ, Волынскэ областхэри, ауэ абы щытепщэр полякхэрт.

Назаров: - Запорожье Дзэр Урысейм хыхьэну арэзы техъуа Переяславль радэм и унафэр ягу ирихьакъым полякхэм. Урысхэмрэ Польшэмрэ аргуэру зэпэщlэувэн хуей хъуащ. Зауэр иухащ, зэрыхьзэрий зэманым щыгъуэ Мэзкуу къэралыгъуэм фlэкlуэдауэ щыта Смоленск, Чернигов, Дорогобуж къалэхэр зыlэригъэхьэжауэ. Польшэмрэ Мэзкуу къэралыгъуэмрэ я гъунапкъэр Днепр псымкlэ зэпагъэщхьэхукlащ, Киев и гугъуи ящlащ. Лъэныкъуэхэр зэгурыlуащ, илъэситlкlэ ар Москва и унафэм щlэтыну, итlанэ Польшэм иратыну. Арщхьэкlэ, Киев къызыхуигъэнэн папщlэ, Мэзкуу а къэралым иритащ дыщэ сом мини 146-рэ.

- А зэманым а щlыналъэхэм сытыт зэреджэр?

Толочкэ: - Гетманщинэр ягъэкlуэдыжыным ипэкlэ а щlыналъэм «Малороссия»-кlэ еджэрт. Арщхьэкlэ, Мазепэ къепцlыжа иужь, Пётр Езанэм ар идэжакъым. Екатеринэ Етlуанэм а цlэр къигъэщlэрэщlэжащ езым и пlур (и къан) Разумовскэм и хьэтыркlэ. Арщхьэкlэ, 1764 гъэм аргуэру а щlыналъэм игу ебгъэжащ. Арати, Малороссиер Урысейм къыхэнащ губерниехэм ящыщ зыуэ.

- Къызэрыщlэкlымкlэ, Украинэм и щlыналъэр нэхъ ин хъуащ урыс пащтыхьхэм абыхэм хуащlа тыгъэхэм я фlыгъэкlэ?

Назаров: - Иджыщ апхуэдэу жыпlэ щыхъунур. Урыс пащтыхьхэм къалъытэрт ардыдэмкlэ езыхэм я къэралым и щlыналъэм зрагъэубгъуу. Сыбырыр, Уралыр, Малороссиер яlэт. Украинэр къэралу щытакъым.

- Екатеринэ Етlуанэм и зэманым Новороссиемрэ Кърымымрэ я щlыналъэхэр къаэзуащ. Хэт ахэр нэхъапэм зейуэ щытар? Сыт Украинэм щlыхыхьар?

Толочкэ: - Зейуэ щытар Къырым хъаныгъуэмрэ Нэгъуей ордамрэщ. Кърымымрэ хы Фlыцlэм и lуфэмрэ Урысейм къизэуа иужькlэ абы lэпхъуащ Украинэм щыпсэуа цlыхухэри.

- Хэт езы Украинэр къэзыгупсысар?

Назаров: - 1917 гъэм екlуэкlа Февраль революцэм и ужькlэ Урысейр мазэ зыбжанэкlэ унафэншэу щытащ. Дэнэ щlыпlи властым щыщlэбэнырт. А псоми Петроград нэсу кlэлъыплъыфыртэкъым. Киеви къыщызэрагъэпэщащ Радэ нэхъыщхьэ. Япэщlыкlэ ар зыщlэлъэlуар автономие къудей иратынырт. Иужькlэ Киев, «Малороссия»-р ямыдэу, къыщагъэсэбэпу хуежьащ «Украина» псалъэр. Украин националистхэр кlуэ пэтми хъийм икlырт, щlы нэхъыбэ иратыну къагъэуву. Абы щыгъуэми, пlалъэкlэ ягъэува правительствэр нэхъ лъэрымыхь хъурт. Щытыкlэр зэтеуващ 1918 гъэм: Киев щыжаlащ Украин цlыхубэ республикэ къызэрыунэхуар.

- Хэт абы щыгъуэ Донецк, Луганск областхэр зейуэ щытар?

Толочкэ: - СССР-р къыщызэрагъэпэщым, Украинэр щlыналъэ щхьэхуэу щытын хуейуэ къалъытащ. Ленинымурад ищlащ а зэманым Урысейм щыща Донецко-Криворожскэ республикэри абы хигъэхьэну.

Назаров: - Ленинымрэ абы и блыгущlэтхэмрэ Украинэм Донбассым и промышленнэ щlыналъэхэр иратащ. Украинэм щыпсэухэр мэкъумэшыщlэт, большевикхэм къалъытэрт мыбы пролетархэри щыlэн хуейуэ.

- Къызэрыщlэкlымкlэ, Лениным Украинэм и иджырей къуэкlыпlэмрэ и ипщэ лъэныкъуэмрэ яритащ. Сталиным Хэку зауэшхуэм щlидзэн ипэкlэ Къухьэпlэри яхущlигъуащ.

Толочкэ: - Аращ зэрыщытар. Молотовымрэ Риббентропрэ lэ зытрадза зэгурыlуэныгъэм ипкъ иткlэ, дэ дыдей хъуащ Галициер. Ар сыт щыгъуи Киев Русым хэтащ. Зауэм и ужькlэ Хрущёвым Къырымри Украинэм хигъэхьащ. Мис апхуэдэу СССР-р лъэлъэжыхукlэ щыlащ иджыри къэс дэ дызыщыгъуазэ Украинэр.

- Хрущёвым Украинэм Къырымыр щритам щыгъуэ абы и гугъауэ къыщlэкlынкъым мыпхуэдэ къаугъэ къикlыну...

Толочкэ: - Хэт зыщlар Союзыр лъэлъэжыну? Арщхьэкlэ, Къырымым щыпсэухэр Урысейм хуэзэшырт. lэмал къыкъуэкlа иужь, ахэр Урысейм еувэлlэжащ. Дэращ къуаншэр Къырымыр зэрыдгуэкlамкlэ. Дэ ар хыфlэддзащ.

- Сыт атlэ Беловежскэ мэзым щекlуэкlа зэlущlэм, СССР-м и унафэр щащlам, Ельциным Къырымыр Урысейм къыщlыхимыгъэхьэжар?

Назаров: - РСФСР-м и Президент хъуа иужькlэ, Ельциныр зэгупсысар и щхьэ lуэхухэрт. Иджыри абы къыщхьэщытт илъагъу мыхъу Горбачёвыр. Шушкевичи Кравчуки зыщlэбэныр властырт. А щыми lэмал ягъуэтащ езыхэм я къэралхэм унафэ щащlыну. Ельциным Къырымыр къыфlэlуэхуртэкъым.

- Сыт атlэ езыхэм я къэралыр ипэжыпlэ къызэзыгъэпэща Лениным и фэеплъхэр украинхэм щlакъутэр?

Толочкэ: - Иджы ди деж тхыдэр щlэрыщlэу къыщратхыкlыж. Мурадыр зыхуэгъэзар зыщ - Урысейм пыкlыу Европэм зыхагъэзэгъэнырщ. Националистхэм тетыгъуэр яlэщlыхьащ. Абыхэм украинхэр урысхэм зыкlи япымыщlауэ жаlэ.

Назаров: - Украин политикхэр фlыщlэмыщlщ. Совет Союзым и щlэину абыхэм къалъысащ и лъэщагъкlэ Германием пэхъуну къэрал. Арщхьэкlэ иужьрей зэманым зэхадыгъуэж, зэтракъутэ. Брежневым и лъэхъэнэми Украинэр фlыуэ псэууэ щытащ. Иджы тепщэгъуэр зыlэщlыхьахэм апхуэдэ гукъэкlыжхэр я тэмакъым къупщхьэу тонэ.

- Атlэ Украинэм и къэралыгъуэр фlэкlуэдмэ, хэт абы и щlыналъэм щхьэкlэ ныкъуэкъуэнур?

Назаров: - Украинэм гъунапкъэ зыхуиlэ къэрал псори: Польшэр, Венгриер, Румыниер. Дэри ди lыхьэ хэлъщ. Арщхьэкlэ, езы Украинэр къызэтенэжмэ нэхъыфlщ.

ГОЛОВАНОВ Роман.
«Комсомольская правда»

Цlыхухэр нэхъыфlу тхуэгъэпсэуну?

● Абы дегъэпlейтей

- Дунейм щынэхъыфl къэралым и правительствэр дунейм щынэхъыфlу щытын хуейщ, - жеlэ ЛДПР-м и lэтащхьэ Жириновский Владимир. - Арщхьэкlэ ди министрхэм я лэжьыгъэм арэзы укъэзымыщlхэри хэлъщ.

ДЭ, ШЭЧ ХЭМЫЛЪУ, къыдэхъулlар къулей дыдэхэм я бжыгъэм зэрыхэдгъэхъуарщ. Иджы дыдэ хъыбар къэlуащ - Урысейм и олигарххэм я мылъкур хуэдитlкlэ бэгъуащ, аргуэру доллар мелардищэ къалэжьащ. Ар сом триллиони 6 мэхъу, бюджетым и щlылъэныкъуэщ! Сыт апхуэдизу цlыхухэм егуэуэн щlыхуейр? Дэ хущхъуэхэр къызэрытщэхун, сабий садхэм еттын, ныкъуэдыкъуэхэм дазэрыдэlэпыкъун ахъшэхэр къыдолъыхъуэ, зыгуэрхэр едгъэфlэкlуэну дыхэтщ. Абы щыгъуэми, цlыху зыбжанэм апхуэдэ мылъку делэ ябгъэдэлъщ. А ахъшэр лажьэми, зыхуэлажьэр нэхъыбэж ящlынырщ, я нэгу зэрызрагъэужьыну кхъухьхэр, я лъапсэ уардэхэр ягъэбэгъуэнырщ. Апхуэдэ делагъэм дапщэщ кlэ щигъуэтынур? А мелардхэр ди цlыхухэм я зэхуэдэ lуэхухэм тедгъэкlуадэ щхьэ мыхъурэ?! Мис арат Правительствэр зэгупсысын хуейр. Дэ, ЛДПР-м щыщхэм, хэхъуэ лейхэм мардэ хуагъэувыну, нэгъуэщl къэралхэм зэрыщыщытым хуэдэу, процент 80 хъу налог ягъэувыну куэд щlауэ къыхыдолъхьэ. Мелуани 100 къэблэжьамэ, 80-р къэралым ет - аращ тэмэмыр.

Дэ къыхыдолъхьэ МРОТ жыхуаlэ гуэр мыхъуу лэжьапщlэ нэхъ мащlэ тэмэм ягъэувыну. Щхьэр гъэузын хуейкъым - дэнэ МРОТ-р здэщыlэр, дэнэ улахуэр здэщыlэр? Улахуэ нэхъ цlыкlу дыдэр сом мини 10-у, курытыр - сом мин 50 - 70-у, нэхъ ин дыдэр - сом мин 200-у щрырет. Абы нэхърэ нэхъыбэ улахуэ псоми налогышхуэ тралъхьэн хуейщ, хэхъуэ лейуэ къалъытэу. Инфляцэм дыщышынэмэ, улахуэ нэхъ мащlэм хэдгъэхъуэну дыхуэмеймэ, къулейсызхэм фэтэрыпщlэр, капитальнэ ремонтым халъхьэхэр ящхьэщыдвгъэх.

Сыткlэ дадэlэпыкъуфыну къулейсызхэм?

Хуэныкъуэхэм дазэрыдэlэпыкъуфыну lэмал зыбжанэ щыlэщ. Псалъэм и хьэтыркlэ, девгъауи щыгъын зэхуэдвгъэхьэс - дуней псом апхуэдэу щащlэ. Куэдым я унэхэм щlэлъщ къамыгъэсэбэп щыгъынхэр, вакъэхэр. Пщlантlэм фурэ къыдохьэри, а псори абы идолъхьэ. Гъэтlылъыпlэхэр къызэlуфх, ахэр къэзымыщэхуфхэм яхуэвгуэш! Пшхы щыхъуну пlалъэр щикlыну зэманыр къэблэгъамэ, ерыскъыхэри пенсионерхэм талонкlэ ират хъунущ. Дэ ди деж ерыскъы тонн минищэхэр щракlут. Сыт щхьэкlэ?

Сэ сощlэж Совет властым и зэманым lуэхур зэрыщытар: балийlэрысэр тыкуэным зы сомрэ кlэпlейкlэ 30-рэ щиуасэщ. Мэф, мэкlуэдыж - атlэ уасэм кlэрывгъэху. Зы сомкlэ, кlэпlейкlэ 70-кlэ фщэ. Ныкъуэфри фызыжьым иштэнущ, фар гуигъэжынурэ, псэур ишхынущ. Арщхьэкlэ дэнэ?! Мэфри, иракlут - и уасэм кlэрагъэхуну хуиткъым! Мис а хабзэ делэр иджыри щыlэщ. Ар дывгъэкъутэ!

Е нэгъуэщl къэралхэм къитшхэр зэзыхъуэкlынухэр гъэхьэзырыным ехьэлlа lуэхур къэдвгъащтэт. Щыгъын щад зы lуэхущlапlэ ди къэралым щызвгъэлъагъут псори - щэкlри, lуданэри - Урысейм щащlауэ икlи ди дэрбзэрхэм я lэдакъэщlэкlхэр уасэ езэгъырабгъукlэ щащэу! Сэ къызгурыlуэ тхуэмыгъэхьэзырынухэр зэрыщыlэр - тропикхэм къыщыкl пхъэщхьэмыщхьэхэр, электроникэ хьэпшып гуэрхэр. Сэ жысlэркъым дуней псом и дежкlэ ди бжэхэр зэхуэщlауэ щытын хуейуэ. Дэ зыкъом къыдэхъулlащ: УФ-м щащэ хущхъуэ псоми я процент 70-р ди къэралым щагъэхьэзыращ. Процент 30 къудейр диlэжамэ, псори дыдеинут. Ерыскъыхэкlхэри аращ.

Сыт хуэдэ лэжьакlуэхэра тхуримыкъур?

Къалэн нэхъыщхьэр къыдэхъулlэркъым - властхэм тхуегъэхъуэжыркъым цlыхухэм зэрабгъэдыхьэ щlыкlэр. Дэ иджыри къэс дыщошынэ цlыхубэр нэхъ къулей, нэхъ щхьэхуит, я щхьэ ягъэпсэужыф хъуным. Ди щыуагъэхэр къызыхэкlыр lуэхум кууэ хэзыщlыкl lэщlагъэлlхэм дызэрырымыкъурщ. Егъэджэныгъэ lэнатlэм пэрыт къулыкъущlэхэм я нэхъыбэр финансистхэщ, зыхъумэжыныгъэ lэнатlэм елэжь промышленностыр зезыгъакlуэр журналисту щыта цlыхущ. Абы щыгъуэми унафэщl къулыкъу псори зыlыгъын хуейр инженерхэрщ. Ахэр нэхъ мащlэрэ щыуэнущ, lуэхум нэгъуэщlу бгъэдохьэри. Апхуэдэхэр диlамэ, граждан авиацэр, промышленность псынщlэр, нэгъуэщlхэр иджы хуэдэу щытынутэкъым.

Лэжьыгъэмкlэ министерствэми, Егъэджэныгъэмкlэ министерствэми губгъэн къахь. Етlуанэм егъэхьэзыр экономикэр зыхуэмей lэщlагъэлlхэр, япэм дыгъуасэрей студентхэр лэжьапlэ игъэувыфыркъым. Зыхурагъэджа lэщlагъэм иримылажьэ lэщlагъэлlхэр зыгъэхьэзыр вузхэр щыlэщ! Атlэ ахэр зэхуащl е зэрахъуэкl щlэмыхъур сыт? Академикхэм, егъэджакlуэхэм дахуосакъ, ауэ студентхэм я lуэхур зыхуэкlуэнум зыри ирипlейтейркъым.

Е нэгъуэщl щапхъэ lупщl. 2016 гъэм и дыгъэгъазэм ди дипломат Карлов Андрей Тыркум щаукlа иужькlэ а къэралым щыlэ ди посольствэр зэзыхьэн унафэщl ягъэувакъым. Сыт мазиплl хъуауэ ар зэзыхъуэкlын къащlыхуэмыгъуэтыр? Къызэрыщlэкlымкlэ Тыркум и псэукlэмрэ и хабзэхэмрэ щыгъуазэ, и бзэр зыщlэ ди къулыкъущlэхэм халъагъуэркъым. Атlэ Востоковеденэмкlэ институтыр е абы ещхь нэгъуэщl еджапlэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэм къыхах щхьэ мыхъурэ? Ахэр куэдыкlейщ.

Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ министерствэм дригъэгъуэзэну къигъэлъагъуэ бжыгъэхэр сыт хуэдэ? Нобэ зыщ, пщэдей нэгъуэщlщ, абы щыгъуэми тlури зэпэщlэуэу. Минфиным и лэжьыгъэр-щэ? Къыкlэлъыкlуэ илъэсым и бюджетыр Къэрал Думэм бжьыхьэм къещтэ. Уигугъэнт мылъку псори щlышылэм трагуэшэну. Арщхьэкlэ ипэжыпlэкlэ ахъшэхэр щlыналъэхэм щынэсыр бюджет гъэм и кlэухырщ. Сыт ахэр Москва щlыщыгувэр?

Банк Нэхъыщхьэр (ЦБ) зыми и унафэ щlэткъым - правительствэми, Къэрал Думэми, Президентми. Сыт ЦБ-м валютэм и уасэнур щlигъэувыр? Дуней псом щыпlэ валютэр долларым е еврэм елъытауэ щызэпlэзэрытщ. Атlэ сыт псом нэхъри зи щlыуэпс хъугъуэфlыгъуэхэмкlэ нэхъ къулей ди къэралым зы долларым и уасэр сом 30-м икlыу сом 60-м нэс щlыщыдэуеяр? Сыт ЦБ-м нэгъуэщl къэралхэм доллар мелард 400 щlыщиlыгъыр? Абы щыгъуэми, Правительствэм а ахъшэр къищтэу ди зыужьыныгъэм ирихьэлlэну lэмал игъуэтыркъым.

А псори къызыхэкlыр lуэхум зэрыхамыщlыкlырщ, ар зэрызэрамыхьэфырщ. Унафэщl къулыкъухэм ягъэувын хуейр къэралым сэбэп хуэхъуфыну щlэ гуэрхэр къэзыгъуэтыфыну икlи лэжьэну хуей цlыхухэрщ. Итlанэ ди псэукlэри ефlэкlуэнущ.

ЮРЬЕВ Виктор.
«Аргументы и факты»

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

Мы дуней псор зыгъэгулэзэ, мелуанхэр зыхэкIуэда, 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ куэд щIами, абы къихьа гуэзвэгъуэр иджыри ящыгъупщэркъым.

ЗАУЭ мыгъуэжьым зи адэр зыщхьэщичу зеиншэу къэна сабийхэр, мэжэщIалIагъэмрэ щIыIэмрэ къелахэр иджы езыхэр дадэ-нанэ хъужахэщ. Абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм ирагъэщIэну я къалэн нэхъыщхьэщ къэралым цIыхуу исам ди щхьэхуитныныгъэм - ТекIуэныгъэм сыт хуэдэ уасэ щIатами.

Ар дэ зыщцыдгъэгъупщэ хъунукъым. Iуащхьэмахуэрэ Индылрэ къыщыщIэдзауэ Берлинрэ Прагэрэ нэс гъуэгуанэм хъыбарыншэу, куэдыкIейуэ щыкIуэда адэхэм, куэушхэм, къуэхэм къытхуагъэгъункъым, ахэр дэ тщыгъупщэмэ.

- Сыт мыгъуэм фыкъихуа мыбы нэс? Дывгъэунэхъуащ, - жиIэрт си анэшхуэ Саупхъан зэрыпхъуакIуэхэр ди деж къыщысам.

«Фыкъихуа» псалъэм къикIри си дежкIэ гурыIуэгъуэтэкъым. Дауэ цIыхур зыщIыпIэ зэрыпхунур? Е жэмкъым, е мэлкъым епхужьэну. ЦIыхущ...

Абы и жэуапыр згъуэтыным зэманыфI иIэт. Ари къэсащ, куэди къыдгурыIуащ дэ - «зауэм и бынкIэ» иджы зэджэхэм.

КъызгурымыIуаУэ зы Iэху еплъыкIэ зрихьэлIащ. Си закъуэкъым ар зэкъэзыхари ар гущIыхьэ зыщыхъуари. Си гур къызэфIэнат «Нэмыщ къыттекIуауэ щытамэ, нэхъыфIу дыпсэунут» щыжаIам.

Ар дауэ? Зы къэралым Iэщэфащэкlэ зиуэздэрэ, адрейм теуэмэ, зэтрикъутэмэ, цIыхухэр зэтриукIэмэ... Ара нэхъыфIу псэуну жыхуаIэр?

А зауэм апхуэдэ еплъыкIэ хузиIэр къыщытэджари, зыщеджари, езыгъэджари хэту пIэрэ? Насып диIэщи, апхуэдэхэр куэдкъым.

Дэ, зауэм и бынхэр, абыхэм акъылэгъу дадэхъунукъым. Зи псэр зыту зауэ губгъуэм къинахэм депцIыжу аращ, ар жытIэн дэнэ къэна, ди гум къэкIмэ.

Псом нэхърэ нэхъ лъапIэу щыIэр къэралым исыр зэкъуэтмэщ: зэгурыIуэу псэумэ, лажьэмэ, къащIэхъуэ щIэблэр ирагъаджэмэ, ягъасэмэ (а тIур зэкIэрыпI хъунукъым зэи), я тхыдэр ящIэжу, зэманым декIуу псэуфмэ, къапэлъэщын щыIэкъэым. «Си яужькIэ хуейми витI яхъун удзи къремыкIыж» псалъэжьыр зи пщалъэхэр а зи гугъу тщIа псэукIэм хуейкъым: ахэр ахъшэбохъшэм итхьэкъупауэ араща.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Ар сыт къыщIэмылъэтэжар?

Псэукlэ дахэ иухуэну и мурадат ди СССР къэралышхуэм. КъехъулIакъым.

А зэманым фIыуэ хэлъари Iейри зэхэдгъэкIыфу, мыхъумыщIэр зэддзэкIрэ, фIыр къыздэтщтэу, япэкIэ дыкIуэн хуейщ, гъащIэ гъуэгу тэмэм дытетын щхьэкIэ. Арыншамэ, дыздэкIуэри дызыхузкIуэри дымышIэу дыгъуэщIэнкIэ шыналъэгъуэ. Апхуэдэу хъумэ, Европэ псор гъуэсэ ищIу къыттеуа Гитлер хузэфIэмыкIар дэ ди Iэкlэ, ди щIэныгъэншагъэкIэ зэтщIэжыну аращ къытпэплъэр. А псом щIэгъэдэIун, хуэущиин хуейщ ди щIалэгъуэлэр, ди къэкIуэныр екIуэрэ насыпыфIэрэ хъуну дыщIэхъуэпсмэ. Абы хуэмей щыIэу къытхэту си фIэщ хъуркъым...

Фашист зэрыпхъуакIуэхэр къагъэувыIэн, ирахужьэжу я «гъуэм» нэс яхужьи ди къэралым иса цIыхухэм щIахуэзфIэкIар псори зэкъэтати араща. УэзгурыIуэмэI, улъэщщ...

КъикIуэт ямыщIэу ди нэхъыжьхэм я псэр щIатар, зауэ губгъуэм я лъыр щIыщIакIутар ди хуитныныгъэр зыми тIэщIимыхын папщIэщ. Дэ абы шэч лъэпкъ къытетхьэ хъунукъым...

Зауэр щекIуэкIми яужькIи цIыхухэм хьэзабу ятелъам, яшэчам ятеуахуа гукъэкIыж куэдрэ си нэгу къыщIоувэж.... Мы дуней псом зэи къыщIмыхъуам хуэдэ зауэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэсипщI хъуат. УIэгъэ мыкIыжыр зытехуа анэгухэр иджыри къуэхэм, щхьэгъусэхэм, дэлъухуэм япэплъэхэрт.

Ди унэкъуэщ КIэфо Хьэмзэт (Харьков дэж щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэкIуэдащ) ипхъу Роззэ яшати, благъэ зэрыгъэщIыху (кIэлъыгъакIуэ) дыкIуат. Зэрыхабзэти, Iэнэ щагъэуваща пэшитIым - цIыхубзхэмрэ цIыхухъхэмрэ зэхэсу зы Iэнэ пэрытIысхьэу щытакъым абы щыгъуэм.

ЦIыхубз гупыфI пэрыст Iэнэми, зэнэбжьыт ахэр, зэрагъэхъ щымыIэу. Зытепсэлъыхьыни я куэдт: адэншэу къахуэна бынхэм, щцихьэкIуэ тхылъыр зи фIэщ мыхъу адэ-анэхэм, колхоз губгъуэр белкIэ къызэратIами, жэмкIэ зэрывами, лэжьыгъэ хьэлъэу щыIэр я Iэпщэм зэрыдзкIми. А гупым яхэттэкъым я Iыхьлыблагъэу тIу, щы зауэм зыфIимыхьа. Абыхэм тепсэлъыхьыт, иджыри я гугъэр зэрыхамыхьжари къыхэщу, я гур къызэфIэнэу.

Си анэ Мэрали зи гугъу ищIыни куэдыкIейт. Зэунэкъуэщу КIэфохэ я щIалэу 6 зауэм кIуати, псэууэ къэнар Арсен и закъуэт. Псом хуэмыдэу псэм къеIэрт абы и къуэш нэхъыщIэ Володя и хэкIуэдэкIар. Арсенрэ Володярэ зэгъусэу зы автоучилищэ, Ейск дэтыр, къаухат, зэщIыгъуэу Ленинград фронтым Iухьат. Къалэр хуэмэни, блокадэр зэтекъутэнми хэтат. Ладогэ гуэлым гъэугу зэгрыкIри яхъумэну къахуихащ зэкъуэшхэм. «Уи ныбжьыр иджыри нэсакъым, умыпIащIэ», - жаIэу адэ-анэр щыпIуIэуэм, «Си къуэшхэр здэщыIэм сэри сыкIуэнущ», - пиупщIащ абы. И ныбжьым зы илъэс щIигъури училищэм щIэтIысхьат Володя.

Зауэм Iуту и гьатхэ епщыкIубгъуанэм IущIат Володя...

Зы тэлайкIэ цIыхубзхэр щыму щысащ. ИтIанэ абыхэм ящIыщ зым:

- Ар сыт къыщIэмылъэтэжар? - жиIащ.

А упщIэм иритын жэуап си анэм и хьэзырт:

- Ар къэкIуэсэжа пэлъытэт, и напэр текIат, апхуэдэу ищIамэ.

Къэралми цIыхуми ярита тхъэрыIуэм тетыну и къалэнти, ар игъэпэжащ. «ПСы зэфэнур иджыри къэжакъым», - жыхуаIэм хуэдэт. Псэм нэхърэ напэр, щIыхьыр нэхъ лъапIэт абы и дежкIэ.

И адэ Жэбрэ Iил и лъэIур игъэзэщIащ - «Уи щIыбыр бийм яхуумыгъаз», - жриIат и къуэ нэхъыщIэм, ар щежьэм щыгъуэ...

Зэкъуэшитым зэрызэгъуэсм къехъапсэрт я ныбжьэгъуэхэр, яфIэдакъэу сурэтхэр трахырт. ДиIэжщ иджыри абыхэм ящыщ.

Псом нэхърэ нэхъ ягъэщIагъуэр Володя и къуэшым пщIэуэ хуищIырт. Хъыджэбз гугъу щIалэхэм къагъэхъеямэ, и жьэр зэщIимыхыу щыщытыр нэхъыбэт, и нэкIэр къыхэщIэнэу, укIытэу.

Володя истребитель кхъухьлъатэм ист, Арсен зэрысыр бомбардировщик хьэлъэт. Апхуэдэ машинэ хьэлъэм истребитель псынщIэу 2 - 3 и хъумакIуэу щхьэщыту, звеноуэ лъатэхэрт, я командирыр яхъумэу. Володя и къуэшым и звеном щыхэхуи щыIэт.

ЯхуэзфIэкI къамыгъанэу Ленинград дэс цIыхухэр япэщIэтт къэзыухъуреихьа фашистыдзэм. Уафэми, щIылъэми, тенджызми зауэр щекIуэкIырт, къалэм фашистхэр топ нэхъ ин дыдэхэмкIэ къыдзуэрт. ЩIыIэмрэ ерыскъынщэмрэ цIыхур ирищыкIырт, итIани къикIуэтыртэкъым.

Ди кхъухьлъатэзэхуэхэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къалэм къыщхьэщагъэхьэртэкъым. ЗэкъуэшитIри абыхэм яхэтт.

Тенджыз гущIыIум щекIуэкI зауэм и командирым и хъумакIуэу щхьэщытт Володя, нэгъуэщIхэри и гъусэу. Зэхэуэм и гуащIэгъуэм командирым къебгъэрыкIуа нэмыцэм зыпэщидзэри, езым шэхэр къытетщэщащ.

ЗэрыуIэгъэ хьэлъэри, кхъухьлъатэ къутар къызэремыдзIуэжри и командирым къужриIэжри, Володя Фин заливым хэхуащ. И ныбжьэгъу, а зэхэуэр зылъэгъуа Калиниченкэ Андрей и «В небе Балтики» тхылъым щитхыжащ Володя лIыгъэу зэрихьари и хэкIуэдэкIари...

Езгъаджэ цIыкIухэм абы и гугъу щахуэсщIам, кхъызэупщIахэт, ар сщыгъупщэркъым. «Зэрихьа лIыгъэм щхьэкIэ сыт хуэдэ орден къратар?» - жаIэри. Орден лъэпкъ кърататэкъым щIалэ тхьэмыщкIэм.

А зы упщIэ закъуэращ естын жэуапыр сымыщIэу школым сызыщрихьэлIар...

Иджыри къызэдэсым сигу ихужьркъым а цIыхубз гупым зи гугъу ящIауэ щытахэр. Асыхьэтым си анэм жиIэну зыхунэмысахэр адэкIэ гукъэкIыжхэм къапоувэ...

Си адэшхуэ Жэбрэиил бынибл иIэт - къуиплIрэ пхъуищрэ. Зауэм ипэкIэ, 30 гъэхэм и кум ирихьлIэу, нэхъыжьитхур (Рэмэзан, Мэрал, Мухьэмэд, Жангулэз, Марьянэ) егъэджакIуэ хъуауэ ди къуажэ школым щылажьэхэрт. НэхъыщIэхэу Арсенрэ Володярэ школакIуэхэт, тIуми а Iэщ Iагъэ дыдэрат къыхахар. Ауэ зауэм нэгъуэщI гъуэгу иукъуэдиящ: кхъухьлъатэзехуэ хъуахэщ я къуэш курыт Мухьэмэд ещхьу. Уэзхъуапсэ хъун хуэдэ бынхэт. Къехъуапсэхэри мащIэтэкъым, ещхь хъуну хуейуэ (сысей щхьэкIэ жысIэрэкъым, куэдым абыхэм я гугъу ящIу зэхэсхащ).

Зэдэлъхуэзэщыпхъуэкр макъамэкIэ «тхьэкIуамафIэхэт», езы си дадэри яхэту. «Жэбрэиил и унагъуэр зы оркестр ирокъу», - жаIэрт къуажэдэсхэм. Адыгэ пшынэ, гитарэ, мандолинэ, балалайкэ еуэхэрт. Дадэ ищIа балалайкэри яIэт, езыри еуэрт абы.

Тхылъуи, журналуи, газетуи къыдэкIэр яIэт, я щIэныгъэм зэпымыуэ хагъахъуэрт, я Iэщ Iагъэри фIыуэ яльагъурт. А унагъэшхуэм къащIэхъуауэ ялъэгъуар сэрати, «драхьеймэ мэгъущIэ, кърахьэхмэ мэщIытэ» жыхуаIэм хуэдэу сраIэт.

Володя лыжэкIи, лъэрыжэкIи, лъакъуэрыгъажэкIи къижыхьырт, турникым псынщIэ дыдэу зыщигъэкIэрахъуэрт. ЛъэрыжэкIэ къыщижыхькIэ, и щIыбым сригэтIысхьэрти, сыкърихьэкIырт. Нанэм ар ильагъумэ, гузавэрт, дыджэлэну, зыгуэр къыщIыщIыну и гугъэу. Дадэри лъакъуэрыгъажэкIэ зыхуейм кIуэрт.

Мухьэмэд и нэIэ сыт щыгъуи тетт къуэш нэхъыщIитIым: дапхуэдизкIэ жыжьэ щымыIэми письмокIэ, посылкэкIэ, ахъшэкIэ игъэгуфIэхэрт.

Сурэт техынкIи ерыщхэт Володи Арсени. Зыхуеину Iэмэпсымэхэр Мухьэмэд къахуэзригъэпэщырт. Зауэ мыгъуэжьым псори къызэтрикъутащ.

Зэкъуэшхэм я фэеплъу я унэцIэр зэрехьэ ахэр щыпсэуа Аруан къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.

Мыри жысIэну сыхуейт - къимыкIуэту зауэм хэтахэм я щIыбагъым къыдэта цIыхубзхэм я фэеплъ ди республикэм иIэну игъуэ хуэщ. Ар Iыхьэ зэхэдэ жьыхуаIэм хуэдэу ехьэжьапхъэ Iэхуущ. Абыкlэ дэ нэхъыжьхэр дызыщыгугъыр ди щIалэгъуалэращ.

КIЭФО Сталинэт.
Налшык къалэ

Правоохранительными органами Кабардино-Балкарской Республики за причастность к совершению преступлений террористической и экстремистской направленности разыскиваются:

Уважаемые жители Кабардино-Балкарской Республики!
Если Вы располагаете информацией о месте нахождения указанных лиц,
совершенных или готовящихся преступлениях, просьба на условиях строгой конфиденциальности звонить по следующим телефонам:
Дежурная часть МВД по КБР: **40-49-10 ; 49-53-02**
За предоставление информации в отношении разыскиваемых лиц, назначено крупное денежное вознаграждение. **Полная анонимность гарантируется.**

Къэхутакіуэ емызэш Зекіуэрей Аслъэн

Техникэ щіэныгъэхэм я доктор, профессор, Экологиемрэ гъащіэм и шынагъуэншагъэмкіэ дунейпсо академием, Транспортымкіэ Урысей академием я академик Зекіуэрей Аслъэн Фуіэд и къуэр ящыщщ ди республикэм и Іэщіагъэл пашэхэм. Зекіуэрейр Илшэ федеральнэ щіыналъэм и Щіэныгъэлізкэмрэ къэхутакіуэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и президентщ, апхуэдэуи Транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныкіэ инженерхэм я дунейпсо ассоциацэм и унафэщіщ. Ар еш имыщіэу йолэжь а унэтІныныгъэм ди къэралым зыщиужьыжьыным, щіалэгъуалэр абы дегъэкіыжьыным. Зи къэхутэныгъэ купщафіэхэр ди щіыпІэми нэгъэущі щіыналъэхэми я транспорт Іэнатіэхэм щэщіауэ къыщагъэсабэп щіэныгъэлІым и ныбжьыр нобэ ильэс 65-рэ ирокъу.

● Дифі догъэлъапіэ

ЗЕКІУЭРЕЙ Аслъэн Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1952 гъэм накъыгъэм и 25-м къыщалъхуащ. Набдзэгубдзапіъэу, еджэныр фІэфІу, спортым дихьэхыу къэхуу щіалэм ехъулІэныгъэкіэ къиухащ курыт школыр, арщхьэкіэ щіэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэужъуэныным хунэмысу, дзэм ираджащ, къэралым къулыкъу хуищіэну. Щіыхь зыпІалъ а къаІэныр екІуу зэфІэзыха Аслъэн езым хуэдэ щіалэгъуалэ жыджэрхэм, Іэчльэчхэм яхэту щылэжьащ Байкал-Амур гъущІ гъуэгу ухуэныгъэм. Иужькіэщ ар щыхунэсар и хъуэпсапІэр зригъэхъуІэным. 1978 гъэм Зекіуэрейм фІы дыдэу къиухащ Хабаровск дзэ политехникэ институтыр.

Спортыр зи Іэпэгъуу къэтэджа адыгэ щіалэщіэм а унэтІныныгъэмкіи ехъулІэныгъэхэр зыІэригъэхьащ. Ар хэтащ Урысей Федерацэм самбэмкіэ и командэ къыхэхам, СССР-м спортымкіэ и мастер хъуащ. Хабаровск крайм и «Буревестник» спорт зэгухьэныгъэм самбэмкіэ и тренер нэхъыщхьэу ильэс зыбжанэкіэ щылэжьащ.

Спортымкіэ бгъэдэлъ зэфІэкІхэм цІэрыІуэ ирихъуами, абыхэм къадэкІуэу Зекіуэрейм иригъэкІыжкІырт фІыІуэ илъагъу инженер-техник Іэщіагъэм пыщіа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Щіэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щіалэщіэм мурад ещі зыхуеджа Іэщіагъэм и щэхуэм нэхъри зыщіигъэгъуэзэну икіи 1980 гъэм ар щіэтІысхьащ Киев дзэ автомобиль-гъэзэгу институтым (КАДИ) и аспирантурэм. Студент ильэсхэм, абы къыкІэлъыкІуэ ильэсхэм иригъэкІуэкіа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу абы зэман кІэщІым къриубыдэу игъэхьэзыращ и лэжьыгъэр. Ар екъулІэныгъэкіэ пхигъэкІащ икіи техникэ щіэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Аслъэн а лъхьэнэм зэфІиха къэхутэныгъэхэм ящыщ зыбжанэ «Киевкуэнытэранс» Іэхуущіапіэм, апхуэдэу Черноблыль АЭС-р къыщыуам абы щагъэкІуэкіа зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэми шэщіауэ къыщагъэсэбэпауэ щытащ.

ЛІэщіыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм я пэщіэдзэм Зекіуэрейм къигъэзэжащ щалъхуа щіыналъэм. Куэд дэмыкІыжь абы къызэІуихащ щіэныгъэ-производствэ Іэхуущіапіэ ин, Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатым и промышленнэ кІэрыхукІэрыщхэм уаэзрелэжьын, щіыхуэм транспорт Іэхуэхтыэбзэкэр республикэм и кІуэцІкІэ, ГъэнэгъуІ щіыналъэхэм зэращіыхуэпщіэн технологиещіэхэр и лъабжьэу.

Хэкупсэ нэсу щыт Зекіуэрейр дапщэщи йолІалІэ ди щіыналъэм лъэпощхьэпоуншэу зэрызиужьыным. Абы зэхилъхащ КъБР-р кризис лъэхъэнэм нэхъ тыншу къыхэзыкІыным ехьэлІа программэ (1992), республикэм и ГъэзэгУ-транспорт Іэнатіэр егъэфІэкІуэным епха план хэха (1994), Кавказ Ищхьэрэм и рекреацэ-бальнеологие, курорт-турист щіыпІэхэм зэрызегъэужьыпхъэ проект купщІафІэхэр (1995), нэгъэущіхэри.

Щіэныгъэлі Іэзэм, къэхутакіуэ емызэшым дзыхь къыхуащіащ икіи къызыхуэтыншэу ирихьэкІащ къэрал къулыкъу лъагэхэри. 1994 гъэм къыщыщІдзауэ ильэси 5-кІэ Зекіуэрейр щытащ КъБР-м и Правительствэм Украинэм щиІэ Представительствэм и полномочнэ лІыкІуэу. А зэманым курыубыдэу хэпщіыкІыу ефІэкІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Украинэмрэ яку дэлъ политикэ, экономикэ, щіэныгъэ, спорт зэпыщіэныгъэхэр. Аслъэн мызэ-мытІэу ильэсыригъэпэщащ къэралпсо щіэныгъэ-практикэ конференцэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, лъэпощхьэпоуншэу зэфІихащ таможнэ Іуэхугъуэхэр.

Сочэ къалэр Олимп Джэгухэм щыхуагъэхьэзырым, профессор Зекіуэрей Аслъэн ильэси 3-м щІигъукІэ лэжьащ щіыпІэм зегъэужьыныкіэ Іэнатіэм и пашэу. Апхуэдэ къалэнэр абы пщэрылъ къыхуищіащ Дунейпсо олимп комитетым (МОК).

Транспорт техникэщіэмрэ технологиехэмкіэ «ТАЙССИС» проект компаниием и конструктор нэхъыщхьэ Зекіуэрейм и иужьрей къэхутэныгъэхэр тегъэпсыхьащ Ищхьэрэ щіыналъэ пхыдзамрэ Сыбыныр щіыпІэ щіыпІэхэм ГъэзэгУ зэрыщыкъуэдиипхъэ Іуэхугъуэхэм. Ахэращ лъабжьэ хуэхъуар щіэныгъэлІым и доктор диссертацэм.

Апхуэдэ щіэныгъэ лэжьыгъэу, тхыгъэ щхьэхуэу 80-м нэс и къалэмыпІэм къыпыкІащ Зекіуэрейм. Абы къигугпсыса Іэмэпсымэхэм ди къэралми нэгъуэщі щіыпІэхэми щІэупщІэшхуэ щалэщ.

Щіэныгъэлі Іэзэм зэфІих апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэм къэрал гулъытэ ини игъуэтащ. Мызэ-мытІэу абы къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапІэхэр, щыхь, щытхъу тхылъхэр. Абыхэм игъэкІыжкіа къахэхъуащ «ЩІыхьым и Вагъуэ» дыщэ орденыр. Ар къыбгъэдэкІащ ООН-м и деж Экологие шынагъуэншагъэмкіэ щылажьэ дунейпсо академием.

Жыджэрагъыщхуэ зыхэлъ хэкупсэм, ихъуреягъкІэ щекІуэкІ Іуэхугъэм папщІэ жэуаплиныгъэ зыхэзыщІэ цІыху пэрытым, щіэныгъэлІ икіи къэхутакІуэ цІэрыІуэм къызыхэкіа лъэпкъым, ди къэралым яфІ къызэрыкІ Іуэхугъуэфі куэд иджыри зэфІихыну, ГъащІэм и хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэу илъыта и бынхэу Мадинэ, Іэдэм, Аэрэт сымэ я гуфІэгъуэ илъагъуу псэуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маринэ.

Музейхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу къызэІуахауэ КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ сурэтыщІ Хъалил Миланэ и лэжьыгъэхэр. Абы и саулыкъуэкіэ екІуэкіа зэІущІэм мыщіипсэлъащ музейм и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Накуэ Феликс.

Дахагъэкіэ гъэнщіа лэжьыгъэхэр

МУЗЕЙМ и пэшым щагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэм Миланэ и гуи и пси зэрыхилъхьар нэрылъагъуу, абыхэм хуабагъэ къаззэрыпкърыкІыр зыхьібощіэ. Лъэпкъым и блэкІамрэ и нобэмрэ зэпызыщІэ, тхыпхъэхэр, плъыфэхэр куэду щыІэхэуэна лэжьыгъэхэм удахьэх. Сурэтхэр дахагъэкІэ зэрыгъэнщіам къыдэкІуэу, икіи уагъэгупсысэ, - жиІащ Накуэм.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий** къыхигъэщащ Хъалил Миланэ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ, Іуэху бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ, зи хъэтІ зиІэж сурэтыщіхэм зэращыщыр, и лэжьыгъэхэр зэрыщІэщыгъуэр, ахэр куэдым ягу зэрыдыхьэр. Ар екъуэхъуащ екъулІэныгъэ, дэрэжэгъуэ иІэну, дяпэкІи зиужьыну, и цІэр жьжьэ щыІуну.

Псалъэ гуапэхэм къыпызыща скульптор **ГъуКІапщэ Арсени** жиІащ Миланэ зыдэлажьэ «Нур» сабий журналми и зэфІэкІхэр зэрыщынэрылъагъур, сурэтыщІ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ куэд хуищіыну, и лэжьыгъэхэмкіэ республикэм исхэр дяпэкІи игъэгуфІэну, игъэгушхуэну зэригуапэр.

Хъалил Миланэ и лэжьыгъэхэм ятеухуа я Іуэху епІыкІэхэр къагъэлъагъуэу выставкэм къыщыпсэльащ сурэтыщІ **Аккизовэ Имарэ**, Тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэр хьмэныкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и щіыналъэ къудамэм и унафэщІ, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Созаев Ахъмэт**, нэгъуэщІхэри. Абыхэм жаІар къыІэзэщІэпкъуэжмэ, Миланэ и Іэдакъэ къыщІэкІа арджэнхэр бгъэхьэзырым гугъуехь ин пылъщ, зэфІэкІ ин, ерыщагъ ббгъэдэмылъмэ, ахэр къохъулІэнукъым.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Хъалил Миланэ

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трикащ.*

«Іуащхьэмахуэм» и етІуанэ къыдэкІыгъуэр

«Іуащхьэмахуэ» журналым и чэзу къыдэкІыгъуэр дунейм къытехьащ.



ЖУРНАЛым и «Жьантіэр» кІыхьэІуех тхакІуэ, критик Къэрмокъуэ Хьэмид илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу Кхъуэ1уфэ Зэчим игъэхьэзыра «Шу закъуэ» тхыгъэмкіэ. Абы къыкІэлъокІуэ Къэрмокъуэ Хьэмид и «Ди эпосымрэ ди тхыдэмрэ», «Хьэтхэмрэ адыгэхэмрэ», «Пасэрей адыгэ сынхэр», «Мелуаным щіигъурт» тхыдэр зи лъабжьэ тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр. Апхуэдэу куэдым щІэщыгъкІынщ Къэрмокъуэм и Іэдакъэ къэщІэкІа «ЛІым и пщыхьэпІэ», «Джэгуакіуэхэр», «Хьэщіэмыгъашхэ», «Дыщэ джэдыкІэ», «ЩІалэ бзаджитІ», «Псэм нэхърэ нэхъапэр», «ЛІыжь цІыкІумрэ пщымрэ», «ЛІым и кІуэпІэ и кІуэдыжьпІэщ», «Нартхэ я лІэужь» хъыбархэр. Абы къыкІэлъокІуэ Мыхьмуд Теймур и новеллэ купщІафІэхэр.

А Іыхьэм ихуащ щіэныгъэлІ, критик Тхьэгъэзит Юрэ и ныбжьыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу ягъэхьэзыра тхыгъэхэр. Апхуэдэжащ ХьэІупщы МуІэед Тхьэгъэзитым къыІиха «Зэманыр и пІэм иткъым» интервьюр, Гъут Іэдэм и «Дунейпсо пщалъэр и ГъуазэУ» тхыгъэр, Тхьэгъэзит Юрэ хужалахэм щыщ пычыгъэхэр. Лъэпкъ литературэм дихьэххэм, абы и жанрхэм я зыужьныныгъэр зыфІэгъэщІэгъэнхэм къахэущхьэпэнщ Тхьэгъэзит Юрэ и «Романымрэ лъэпкъым и художественнэ дуней епІыкІэмрэ» щіэныгъэ лэжьыгъэр.

Адэкіэ журналым дыкъыщоджэ щіэныгъэлІ Бищіо Борис ильэс 65-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу ягъэхьэзыра тхыгъэхэм. Ахэр я Іэдакъэщіэкіщ ХьэІупщы МуІэед, ТІымыжь Хьэмыщэ, Бакіуу Хьэндэжрий, Гъут Іэдэм, Тэтрокъуэ Астемыр, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ. Абыхэм къакІэлъокІуэ Бищіом и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъуэхэм я гъуэгу зытригъэха сурэтхэр. Іыхьэр зэхуещіыж Бищіо Борис «Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ» и тхыгъэмкіэ.

Усэ фІыуэ зыпІалъуахэр дзэхьэхынщ къыдэкІыгъэм хагъэхьа Хьэвжокъуэ Людмилэрэ Мыкъуэжь Анатолэрэ я усэхэр.

«Публицистикэ» Іыхьэм ихуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкіэ и кафедрэр къыІэзрызэрагъэпэщрэ ильэс 85-рэ зэрырикъум ТІымыжь Хьэмыщэ триухуа «Лъэпкъым и мэІуху нэхъыщхьэ» тхыгъэр. Абы къыкІэлъокІуэ Бищіо Борис «Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ» и тхыгъэмкіэ.

Іуащхьэмахуэм ильэс 85-рэ зэрыриІуащ ТІымыжь Хьэмыщэ триухуа «Лъэпкъым и мэІуху нэхъыщхьэ» тхыгъэр. Абы къыкІэлъокІуэ Бищіо Борис «Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ» и тхыгъэмкіэ.

Усэ фІыуэ зыпІалъуахэр дзэхьэхынщ къыдэкІыгъэм хагъэхьа Хьэвжокъуэ Людмилэрэ Мыкъуэжь Анатолэрэ я усэхэр.

«Публицистикэ» Іыхьэм ихуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкіэ и кафедрэр къыІэзрызэрагъэпэщрэ ильэс 85-рэ зэрырикъум ТІымыжь Хьэмыщэ триухуа «Лъэпкъым и мэІуху нэхъыщхьэ» тхыгъэр. Абы къыкІэлъокІуэ Бищіо Борис «Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ» и тхыгъэмкіэ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Илъэситі хъуауэ къалъыхъуэрт

КъБР-м щыІэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкіэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ къэралым къыщалъыхъуэ, нэхъапэм мызэ-мытІэу суд зытращіыхьауэ щыта, Ново-Ивановскэ къуажэм щыщ цІыхубэр.

АР ХАБЗЭХЪУМЭ Іэнатіэхэм къалъыхъуэрт 2014 гъэм и мэлыжьыхь лъандэрэ, Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгуэ щІэпхъащажэр (дыгъуэн) илэжьауэ щэч хуащІу.

Зи ныбжь хэкІуэтар къегъапцІэ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и лэжьакІуэхэм мы щІыпІэм щыщ цІыхухъу яубыдащ гъэпцІагъэ зэрихьауэ щэч зэрыхуащІым къыхэкІыу.

ИЛЪЭС 38-рэ зи ныбжь щІалэм 2017 гъэм и гъатхэпэм Прохладнэ къалэм щыщ, ильэс 83-рэ хъу цІыхубзым и ахъшэр хамэ къэрал валютэкІэ хуихьуэжащ. Іуэхум зыри зэрыхимыщІыкІыр къигъэсэбэпри, прохладнэдэсым пенсионерым иритащ «банк приколов», «евро» сувенир купюрэхэр иКІи сом мин 330-рэ абы пэкІуэу къыІэрыхьащ.

МазитІ дэкІауэуэ лей зытехьам къыщищІар ахъшэ къратар зэрынэпцІыр иКІи полицэм зыхуигъэзащ.

БзаджащІэр яубыдащ. Уголовнэ Іэху къалэтащ.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхурэхмкіэ щыІэ министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Узыншагъэ

Іуэху щхьэпэ

СПИД-мрэ узыфэ зэрыцІалэхэмрэ япэщІэтыныкІэ центрым иджыблагъэ Іуэху щхьэпэ иригъэкІуэкІащ. Іуэхущіапіэм ильэс къэс апхуэдэ зэрыкІыхэр къыхэзыгъэпэщ СПИД узыфэм илыкІахэм я фэеплъ махуэм иригъэлІэу.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущіапіэм, урыс члисэм, «Точка опоры» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лІыкІуэхэр, Къалэн хуэд щагъэзащіэ Къэбэрдей-Балъкъэр щіалэгъуалэ центрым и волонтёрхэр.

- 90 гъэхэм я кІэухэм щыщІэдзауэ а узыфэр зыпкъыт сымаджэу республикэм щатхащ 1364-рэ. А зэманым къриубыдэу абы иІлыкІащ цІыху 333-рэ. Иужьрей ильэсхэм сымаджэхэм я бжьыгъэм хохъуэ. Къапщтэмэ, мы ильэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ апхуэдэу цІыху 55-рэ къахутащ. Псори зэхэту иджыпсту республикэм щопсэу СПИД узыфэ щынагъуэр япкъыту цІыху 670-рэ, - жиІащ Центрым и дохутыр нэхъыщхьэ, профессор Иуан Маринэ. - А узыфэм зыщыпхъуэм папщІэ уи узыншагъэм жэуаплиныгъэ пылъу укІэлъыплъыжьын хуейуэ аращ. Абы щыгъуэщ СПИД-м зимыуфгъуу къыщыдгъэувыІэфынур.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Хьэзиз ягу къагъэкІыж

● Волейбол

Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-м щекІуэкІащ жылэм пщІэшхуэ щызыІэу щыта Урыс Хьэзиз волейболымкІэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ.

ЖЫЛЭШХУЭМ и цІыху пажэр ягу къагъэкІыжыну куэд къызэхуэсат, Нартан къуажэ администрацэм и унафэщІ КІагуэ Валерий, школ-интернатым и Попечительскэ советым и къызэгъэпэщащіэу, Урыс Хьэзиз а еджапІэм щыщыпхъэ ильэсхэм интернатыр къэзыуха Эндреев Мэгъэзалий, Аушъэджэр къуажэ администрацэм и унафэщІ Кіагуэ Валерий, школ-интернатым и Попечительскэ советым и къызэгъэпэщащіэу, Урыс Хьэзиз а еджапІэм щыщыпхъэ ильэсхэм интернатыр къэзыуха Эндреев Мэгъэзалий, Аушъэджэр къуажэ администрацэм и унафэщІ Урыс Асльэн, Іъэпкъым и нэхъыжь Урыс Хьэтау, Хьэзиз дзлэжьахэр, ягурэзджахэр, нэгъуэщІхэри яхэту.

Урыс Хьэзиз 1933 гъэм мазаем и 18-м Нартан къыщалъхуащ. Къуажэ школыр кІууха нэужь ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей кІэрал педагогикэ институтым иКІи адыгэбзэмрэ литературэмкіэ егъэджакІуэу ар къыхуащІ. Абы щыщІэдзауэ Урысыр щеджащ жылагъуэ Іэщіагъэхэмкіэ факультетым иКІи физическэ щэнхабзэмкіэ курыт школхэм щригъэджэну хуиту диплом къратащ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь Урыс Хьэзиз къыщыщІдзащ Арщыдан къуажэм дэт курыт еджапІэм. Илъэс зыбжанэкІэ физическэ щэнхабзэмкіэ егъэджакІуэу лэжьа нэужь ар зрегъэуващ Налшык дэт Сабий стадионым и директору. 1981 - 1982 гъэхэм «Нартан» колхозым и парт комитетым и секретару щытащ. Иужьрей ильэсхэм ар егъэджакІуэу щылэжьащ къуажэм дэт езанэ, етІуанэ курыт школхэм.

Зэхьихьэр къызэІуихащ школ-интернатым и унафэщІ Алишанов АлисультІан. «Нобэ дигу къыдогъэкІыж къуажэм, республикэм и цІыху пажэхэм ящыщ Урыс Хьэзиз. Ар сыт хуэдэ ныбжьым итми - сабийхэми балигъхэми - фІы дыдэу ягурыІуэ цІыху гуапэу щытащ. Апхуэдэущ ар дэтхэнэ зыми ди нэгу къызэрыщІэнэжари. ЦІыхубэ егъэджэныгъэм и отличник Урыс Хьэзиз и фэеплъ спорт зэхьэзэхуэр ильэс къэс едгъэкІуэкІыну ди мурадщ», - жиІащ абы.

Волейболымкіэ зэпеуэм хэтащ Нартан къуажэм дэт еджапІэхэм я лэжьакІуэхэм я гуп къыхэхахэр. Зэхьэзэхуэ гуащІэм пашэныгъэр щиубыдащ иКІи зэІэпах кубокыр къыльысащ курыт еджапІэ №1-м и командэм. Абы къыкІэлъокІуэ школ-интернат №5-р. Курыт еджапІэ №2-м и лэжьакІуэхэр ещанэщ.

«ФІыщІэ яхузощІ нобэрей махуэм и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ зэхьэзэхуэм хэтахэмрэ. Фэ фи фІыгъэкІэ Хьэзиз и фэеплъыр иджыри зы Іуэхугъуэкіэ гъащіэм къыхэнэнущ», - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Урыс лъэпкъым я нэхъыжь Хьэтау.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщіэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщі Иэ.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщіапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкіэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхурэхмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащіэмрэ экономикэмкіэ - 42-57-59; щэнхабзэмкіэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкіэ, спортымрэ письмохэмкіэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкіэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыдэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкіэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкіэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущіапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэру* **Щоджэн Инна** *(1, 2, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №637